		<p><i>mabok karo tawuran tok.. rusak pokoke nek wong kenean mas.. pada keras-keras wonge,, ya memper bae nek anak mbarang gede dadi nakal ora kena diomongi..(GM-SO7-W1 118-127)</i></p> <p><b>Terjemahan:</b> Kalau punya sedikit uang pasti diajak oleh teman-temannya buat mabuk. Lagi galau ya ikut saja. .(ZB-S7-W1 68-70)</p> <p>Aku nakal karena tidak diurus. Kalau diurus ya tidak nakal paling. Orang tua sibuk mencari ikan terus tidak mau mengurus anak-anaknya. Sehingga anaknya berani sama ayahnya. (ZB-S7-W1 100-104)</p> <p>Memang seperti itu mas. Kalau anak-anak dsini memang juara pokoknya kalau urusan mabuk, rusuh, pokoknya masalah yang jelek-jelek itu anak-anak sini juaranya.karena suasana cuaca yang panasapa bagaimana saya juga tidak tahu. Dari yang tua sampai muda sama semua. (ZB-S7-W1 130-135)</p> <p>pergaulan sekarang sudah rusak mas, anak-anak sekarang pada nakal-nakal. terpengaruh teman dan lingkungan.(GM-SO7-W1 114-116)</p> <p>kehidupan disini keras mas, lingkungan panas, pekerjaan di laut yang kasar, menjadikan kehidupan yang keras.. keras <u>bagaimana pak?</u> Setiap malam disini kegiatannya tawuran dan minum-minuman keras. Meyoritas orang sini tidak bermoral, wajar saja berdampak pada anak saya menjadi susah dinasehati.(GM-SO7-W1 118-127)</p>	
--	--	---	--

# LAMPIRAN

## VERBATIM WAWANCARA

### Verbatim Wawancara

Informan ke- : 1  
 Nama informan : AF  
 Waktu wawancara : Sore Hari  
 Hari/ Tanggal : Selasa, 7 Juni 2016  
 Jam : 16.00 WIB  
 Lokasi : Rumah Informan  
 Tujuan : Untuk mengetahui tugas perkembangan remaja yang dialami oleh informan  
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur  
 Wawancara ke- : 1

#### **KODE: AF-SI-W1**

No	Catatan Wawancara	Analisis gejala
1	<b>Bro.. lagi ngapa koh?</b>	
2	Agi jegongan bae kie mas..	
3	<b>Ra ngganggu mbok aku.. ora agi sibuk?</b>	
4	Ya ora lah santee bae.. kepriwe sih?	
5	<b>Kie aku arep njaluk tulung meng koe.. aku lagi skripsi koh, neliti bocahan kene..</b>	
7	Oh ya ora papa.. enyong bisa mbantu apa si?	
8	<b>Ya kie aku arep takon-takon tentang koe-koe pada.. ya takon tentang koe lah.</b>	
10	Hahahaha..ya ngeneh arep takon apa, tek jawabe ngeneh..	
12	<b>Ya ok lah.. koe kelas pira, esih sekolah ora siki?</b>	
13	Duh malah takone sekolah ya, hehehe	
15	<b>Lah nang apa sih?</b>	

16	Ya anu wis ora sekolah koh..	
17	<b>Wis lulus apa?</b>	
18	Iya lulus SD tok, kelas 2 SMP metu, ora kuat uteke koh.	Informan hanya tamatan SD dan berhenti sekolah ketika kelas 2 SMP karena sudah merasa malas untuk berfikir.
19		
20	<b>Lah nang apa sih deneng metu?</b>	
21	Ora betah, wis bebeh mikir. Tidak bagus hahaha	Merasa lebih gaul dengan tidak lulus sekolah.
22		
23	<b>Cah apa sih..</b>	
24	Cah gaul lah..	Usia 19 tahun dan sudah mendapatkan KTP (kategori usia Remaja).
25	<b>Umurmu pira jane? Mbok batire adikku koe?</b>	
26		
27	Kayane sekitar 19an mas, wis ulih KTP lah tenang bae..	
28		
29	<b>Hahaha,</b>	
30	Apa koe ra pusing sekolah bae mas?	Lebih puas dan bangga menjadi remaja dari pada ketika masih anak-anak.
31	<b>Ya nikmat lah pokoke..</b>	
32	<b>Wis 19 taun ya wis gede, udu bocah cilik maning yah?</b>	
33	Iya lah,	Merasa lebih bebas, lebih garang, dan muncul tanda-tanda pubertas (suara menjadi lebih besar, dan tubuh lebih kekar).
34		
35	<b>Seneng dadi bocah cilik apa senengan siki wis gede?</b>	
36		
37	Ya seneng kabeh.. tapi esih senengan siki ding.	Perubahan fisik untuk menarik lawan jenis.
38		
39	<b>Senenge kepriwe emange?</b>	
40	Nek bocah cilik kan esih sering domaih, nek siki kan ora wani sing ngomaih.	
41		
42	<b>Seeh,, sangar dadi siki lah ya?</b>	
43	Jelas sangar lah.. awake mlekinteng, suarane mbok gede.. hahaha	
44		
45	<b>Apa mlekinteng sangar sih?</b>	
46	Ya sangar mas, kan ben cewek-cewek pada ngintil, hahaha	
47		
48	<b>Oh kaya kue ya, bocah kaya koe mesti pacare akeh ya?</b>	
49		
50	Ya otomatis dong, pacar kur siji ya rugi ya, ngesuk nek mbojo lah 1 tok, kan matep..haha	Merasa bangga memiliki lebih dari 1 pacar.
51		
52	<b>Hahaha jos temen, nek pacaran ngapa bae</b>	

53	<b>kue koh?</b>	
54	Ya ngapa-ngapa dong, eman-eman y pacaran	Gaya berpacaran yang mengarah
55	ra ngapa-ngapa, dianggurna.	pada sex bebas.
56	<b>Ngapa-ngapane nu ngapa koh? haha</b>	
57	Ya kelon lah, pacaran ora kelon ya ra gaul ya.	
58	<b>Wong esih 19 tahun apa mudeng kelon?</b>	Penyalahgunaan internet yang mendorong terjadinya sex bebas.
59	Ya paham..mbukak internet mulane ya.. jan	
60	mahasiswa ko ra gaul.. ketik bae bokep mesti	
61	akeh.. nah kue kena go latihan..	
62	<b>Cah gemblung pancen.. ndina-ndina</b>	
63	<b>nonton apa?</b>	
64	Ya sedina ping telu lah men tambah	
65	trampil..hahaha	
66	<b>Terus praktek lah yah..apa pacare gelem sih?</b>	merasa lebih berkuasa dan bertindak semena-mena terhadap wanita.
67	Ya kudu gelem lah, nek ra gelem ya tek putus	
68	nang enyong. haha	
69	<b>Deneng maksa, ya melas ceweke.?</b>	
70	Ora maksa be jelas gelem koh..	
71	<b>Bisane?</b>	
72	Lah bocah wedon siki mbok murah-murah	
73	banget..	
74	<b>Murah kepriwe maksude? Kaya barang</b>	
75	<b>bae ana regane?</b>	
76	Ya murahan.. wong cah wedon siki be kya	Menganggap remeh terhadap
77	wong lanangan,, doyan mabok.. lah pokoke	lawan jenis.
78	langka cah wedon bener lah.	
79	<b>Sehh.. deneng kaya kue si?</b>	
80	Nah iya koh jamane gaul..	
81	<b>Apa ra kepengin nngolet sing go seriusan sih?</b>	Pacaran hanya untuk main-main.
82	Esih enom ikih, serius-seriusan temen gulih	
83	pacaran, sing pening heppy lah pokoke.	
84	<b>Heppy kepriwe maksude?</b>	
85	Siki sing penting heppy mas, due duit ya go	Gaya hidup hedonis.
86	heppy-heppy.	
87	<b>si ngapa men heppy ?</b>	
88		
89		

90	ya duite akeh men heppy..	Menganggap uang adalah sumber kesenangan dan dapat digunakan untuk hal-hal negatif (karaoke, mabuk, sex bebas).
91	<b>Hahhaa.. apa duit marekna heppy si?</b>	
92	Ya iya.. kan due duit bisa go karokean,	
93	mabok, tuku PL, dll..	
94	<b>PL mbok pemandu lagu?</b>	
95	Aja pura-pura ra paham lah mas..	
96	<b>Lahh temenan ra mudeng aku aring kaya kue koh..</b>	
97	Ya rika ra gaul mas..	
98	<b>Hahaha.. iya aku ra gaul..</b>	
99	<b>Lah si apa due duit go mbayar PL go karokean si?</b>	
100	Ya njaluk meng wong tuane lah, nek ora ya	Mendapatkan uang dengan perilaku negatif (memaksa orang tua).
101	adol berase biyunge, sing penting ora	
102	konangan, hahaha	
103	<b>Apa ora kerja sih, jere wis gede masa esih njaluk duit bae meng wong tua?</b>	
104	Lah ya ben, males kerja lah, enakan dolan-dolan, mabok, duit gari njaluk meng biyunge,	Gaya hidup berperilaku negatif (mabuk, main-main, dan memaksakan kehendak kepada orang tua).
105	masa ra diweia	
106	<b>Apa ora melas meng wong tuamu, wis tua esih dijaluki duit bae nang koe, anak kepira sih koe?</b>	
107	Lah ra tek pikir, males enyong nek kon kerja,	Malas bekerja, dan hanya memikirkan kesenangan negatif.
108	kesel lah, ulieh sepira ora. Anak mbarep kie	
109	enyong, adine ana 2 esih cilik-cilik.	
110	<b>Lah kue anak mbarep kudune ngrewangi wong tua, wong adine esih cilik-cilik juga malah..</b>	
111	Pikir si ora, aku esih pengin seneng-seneng,	Gaya hidup hedonis.
112	bebas dolan-dolan, esih enom ikih, bebeh lah	
113	kon kerja.	
114	<b>Kaya kue sih kapan mandirine?</b>	
115	Ya ngesuk nek wis wayaeh tulih mikir lah,	Belum memiliki gambaran masa depan.
116	jane ya diomongi bae nang biyunge kon	
117	kerja, tapi lah malese kue koh. Wong aku be	
118	nu kur lulusan SD tok, arep kerja kerja apa?	
119		
120		
121		
122		
123		
124		
125		
126		

127	<b>Ya aja pesimis, kerjaan kan akeh, ora mung siji tok, nek bisa y kerjane lewih kang wong tuamu.</b>	
128	Iya sih jane, gampang lah dipikir ngesuk,	
129	sing penting siki esih bisa heppy-heppy, haha	
130	<b>Hahahaha.. bocah apa si kya kue,,</b>	
131	Hehehhe..	
132	<b>apa ra domaih nang ramane si nek pegawéane kaya kue tok.?</b>	
133	<u>Lahh.. domaih apa si wani? Jengkangna nek wani ngomaih enyong...</u>	Perilaku meremehkan orang tua (melawan jika dimarahi).
134	<b>husss... aja ngawur lah aring wong tua..</b>	
135	<u>lah wong wes di jorna juga.. sekolah be ora dibiayani kon arep ngomaih..</u>	
136	<b>lahh.. deneng ra gelem mbiayani? Mbok koene sing wes bebeh mikir..</b>	Merasa orang tua tidak memperhatikan kehidupannya (orang tua tidak memprioritaskan pendidikannya)
137	iya si.. maksude kan duit sing go mbiayani go aku bae..	
138	<b>duit go sekolah go koe ya mung entong go mabok tok..</b>	
139	hahahaha.. lah enak..	
140	<b>apa ra isin si kaya kue dadi elek nang tangga.. di cap elek nang wong liya?</b>	
141	<u>Ya ora masalah arep pada ngomong elek tentang enyong.. tek pikir si ora. Urusane dewek-dewek, aku ra tau diempani nang tanggane ngapa mikirna tanggane.. ora urusan pokoke.</u>	Tidak peduli dan acuh terhadap opini tetangga dan orang lain.
142	<b>Iya koe ora mikir isin.. tapi wong tuamu apa ra isin si?</b>	
143	<u>Ya isin ya emen..</u>	
144	<b>Apa ra pengin nyenengna wong tuamu si mumpung esih urip..?</b>	Tidak peduli terhadap perasaan orang tua.
145	<u>Ora urus lah.. arep seneng ya ngonoh ora ya ngonoh.. anane enyong kaya kie..</u>	
146	<b>Deneng pasrah kaya kue? Jere sangar lah..</b>	
147	<u>Si enyong kon kepriwe?</u>	
148		
149		
150		
151		
152		
153		
154		
155		
156		
157		
158		
159		
160		
161		
162		
163		

164	<b>ya berusaha gawe masa depanmu lewih cerah lah.. ben wong tuamu bangga karo koe?</b>	
165	<u>Urung kepikiran cepet-cepet lah..</u>	
166	<b>Apa ra pengin bisa sukses si ngemben nek tua?</b>	
167	<u>Lahh embuh ngemben pikir ngemben nek tua..</u>	
168	<b>Mbok maju sue maju tua..</b>	
169	Ya urung yah,, wong masih muda ya..	
170	<b>Yak an sue-sue tua mbok.. masa arep enom bae?</b>	
171	Ya tua ya pikir ngesuk nek tua ya.. aja mikir siki..hehe	
172	<b>Hualahh,... cah gemblung..</b>	
173	<u>Hahaha.. sing penting heppy lah mas.. aja sepaneng lah..</u>	
174	<b>Wes arep buka kie.. puasa ora koe?</b>	
175	Agi ora puasa kie..hehe	
176	<b>Apa biasane agi puasa si?</b>	
177	ya ora juga..hehe	
178	<b>huhuuuuu</b>	
179	<b>Ya wes lah.. wes sore.. ngesuk nek kurang tek takoni maning ya.</b>	
180	Siap mas.. teka bae..	
181		Belum memiliki rencana masa depan yang lebih baik bagi dirinya maupun orang tua.
182		Menunda untuk memikirkan masa depan.
183		
184		
185		
186		
187		
188		Memikirkan kesenangan saat ini saja dan menolak untuk berfikir lebih serius.

### Verbatim Wawancara

Informan ke- : 2  
 Nama informan : BG  
 Waktu wawancara : Malam Hari  
 Hari/ Tanggal : Kamis, 9 Juni 2016  
 Jam : 20.30 WIB  
 Lokasi : Rumah Informan  
 Tujuan : Untuk mengetahui tugas perkembangan remaja yang dialami oleh informan  
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur  
 Wawancara ke- : 1

#### **KODE: BG-S2-W1**

No	Catatan Wawancara	Analisis gejala
1	<b>Lagi ngapa mas bro.?</b>	
2	Lahh kie lagi jegongan karo ududan..	
3	<b>Kopine buket kayane kue?</b>	
4	Arep apa? Tek gawekna ya..	
5	<b>Ora usahlah, joinan bae.. kaya biasane ora joinan..</b>	
6	Ya kie karo diududi..	
7	<b>Iya kie gawa dewek kok..</b>	
8	Kepriwe apa sing dirasa? Pernaeh ra taune gelem dolan ngeneh.. kayane mandan ana kepentingan luh.	
9		
10		
11		
12	<b>Ya ora penting banget si.. ya Mandan ana perlu kie..</b>	
13	perlu kaya dukun bae..	
14	<b>seh deneng dukun?</b>	
15		

16	Kepriwe si?	
17	<b>Ya kie arep takon-takon..</b>	
18	Dadi wartawan apa critane mahasiswa?	
19	<b>Hahahaha.. ya udu wartawan lah..</b>	
20	<b>Agi sibuk apa siki?</b>	
21	<u>Sibuk ngapa si? Ya biasa lontang lantung ra genah.</u>	Tidak memiliki aktivitas pasti.
22		
23	<b>Esih sibuk njaring apa?</b>	
24	<u>Ya kue pegaweane.. lah ora njaring si ngapa? Wong uripe nang pesisir. Ya udu kantoran. Sing penting kena go mangan.</u>	Terbiasa dengan aktivitas/pekerjaan nelayan (menjaring ikan).
25		
26		
27	<b>Ya palah bagus ulih pemasukan..</b>	
28	Pemasukan tapikan entong go mangan tok ra ana perubahan..	
29		
30	<b>Sing penting kan cukup..</b>	
31	Ya cukup go mangan tok ora go liyane..	
32	<u>Ora kaya liyane kan ketone pada kepenak..</u>	Memiliki pemikiran jika profesi lain lebih nyaman dari pada nelayan.
33	<u>Nek kaya kie bae si kepriwe uripe apa ana kemajuan?</u>	
34		
35	<b>Apa ra melu mranto kaya batire.? Pernaeh pada mranto bocahan kene..</b>	
36		
37	<u>Ya pengin.. tapi urung wani lunga adoh-adoh.. anu ora tau lunga adoh.. ndina-dnidane lah mung nang laut tok golet iwak..</u>	Memiliki keinginan untuk keluar dari aktivitas nelayan yang membuatnya merasa bosan.
38		
39		
40	<b>Ohh...</b>	
41	<u>Aku ndelengna batire sing pada mranto ya pada sukses. Bisa tuku motor pada akeh duite..aku ya mung cukup go mangan tok wes alhamdullah..</u>	Memandang orang lain yang merantau lebih sukses.
42		
43		
44		
45	<b>Mbok urung due tanggungan bojo?</b>	
46	<u>Ya urung.. wong nembe 20 tahun mas.. urung wani mbojo lah.. mbok ra bisa nyukupi bojo..</u>	Belum berani mengambil keputusan untuk menikah karena masih berumur 20 tahun.
47		
48		
49	<b>Kan rejeki wes ana sing ngatur..</b>	
50	<u>Iya si wes ana sing ngatur tapikan kudu berusaha..</u>	Menyadari bahwa manusia harus berusaha.
51		
52	<b>Ya wes gede 20 tahun.. wes pacaran</b>	

53	<b>yah..?</b>	
54	<u>Nek pacar ya wes ana.. wes njaluk dibojo</u>	
55	<u>juga tapilah urung siap..</u>	
56	<b><u>ya kue langsung dibojo bae si? Wes</u></b>	
57	<b><u>cukup umur ikih..</u></b>	
58	<u>lah urung wani mbojo, mengarepe urung</u>	
59	<u>padang gambarane go golet rejeki.. esih</u>	
60	<u>cukup go mangan dewek tok karo go tuku</u>	
61	<u>udud ndina-ndinane..</u>	
62	<b>sing penting kan niate apik..</b>	
63	<b>anu pacarane wes ngliwati batas mbok..</b>	
64	<b>dadi ya njaluk dibojo bae..</b>	
65	<u>ya jane ora nglewati batas si.. nek wajar ya</u>	
66	<u>Mandan ora wajar.. tapi ora nyampe sing</u>	
67	<u>ora bener.. wedi mbok meteng..haha</u>	
68	<b><u>maksude kepriwe?</u></b>	
69	<u>Maksude mung sekedar ngemek-ngemek</u>	
70	<u>karo ngambungi tok.. ora nyampe</u>	
71	<u>kelon..hehe</u>	
72	<b>hahhahhaa.. nek wedi ya aja wani-wani..</b>	
73	<u>iya mulane ora wani nek nganti kadohan</u>	
74	<u>pacarane..tapi ya nglewati batas</u>	
75	<u>sendik..hehe</u>	
76	<b>nek karo udu pacare si?</b>	
77	<u>Ya ora lah.. wong pacare be ora tek kapak-</u>	
78	<u>kapakna apa maning sing udu pacar..</u>	
79	<b>Lah mbok mbok kaya liyane.,</b>	
80	<u>Ya ora lah..</u>	
81	<b>Ya syukur nek ora kaya liyane..</b>	
82	<u>Hehehe..</u>	
83	<b><u>Esih sering mabok mbok..?</u></b>	
84	<u>Ya ora sering lah mas.. paling ya go segeran</u>	
85	<u>tok nek agi njaring..</u>	
86	<b>Apa mesti segeran nek lg nang laut si?</b>	
87	<u>Ya iya.. men Mandan anget..hehe</u>	
88	<b><u>Apa ramane ra reang?</u></b>	
89	<u>Ya ora lah,, paling tanggane sing biasa pada</u>	

90	<u>nggosip ra genah..</u>	mabuk informan.
91	<b>Apa iya? Mbok tanggane ya pada bae..</b>	Lingkungan sekitar mempunyai perilaku negative yang sama (mabuk-mabukan).
92	<u>Ya anu pada baene.. pada bosok-bosok tapi pada ra rumangsa..</u>	Tidak peduli dengan komentar orang lain.
93	<b>Sehh..</b>	
94	<u>Apa sih aku peduli aring wong liya.. urip-uripku dewek kon mikirna omongan wong..</u>	
95	<u>ya ora urusan omongan wong liya lah..</u>	
96	<b>Ooooooohh...kaya kue..</b>	Hanya memikirkan kehidupan pribadinya.
97	<u>Iya sing penting aku bisa kerja, bisa mangan, bisa nyukupi kebutuhane dewek ora ngrugikna wong liya..</u>	
98	<b>Betul kue,,</b>	
99	Ya jelas..	
100	<b>Esih sekolah mbok?</b>	
101	<u>Ora mas.. mung tamat SMP tok..</u>	Menurut informan sekolah tidak penting, yang penting bisa cari uang dan tidak merepotkan orang tua.
102	<b>Deneng ra lanjut SMA si?</b>	
103	<u>Lah wong sekolah ora penting.. sing penting kan bisa kerja golet duit ora njaluki wong tua bae..</u>	
104	<b>Kan nek SMA mendingan mbok bisa dadi pegawai..</b>	
105	<u>Lahh dadi tukang njaring bae be wes ngasil.. wes cukup go mangan lah..</u>	Merasa puas menjadi nelayan.
106	<b>Ya iya si..</b>	
107	Sing penting diwei waras slamet bae wes alhamdullah bisa golet iwak..	
108	<b>Anu wes bebeh sekolah mbokan ya..</b>	
109	<u>iya wes bebeh.. tapikan ujunge wong sekolah mbok kerja golet duit..lah aku wes bisa kerja golet duit ya ora perlu sekolah mbok..</u>	Menurut persepsi informan mencari uang tidak perlu sekolah tinggi.
110	<b>Hahahah..</b>	
111	<b>Lewih bangga dadi wong pesisir lah yah dr pada sekolah.?</b>	
112	<u>Ya kudu bangga dong.. wong sekolah ya bayarane mbokan ora sendik.,</u>	Lebih bangga menjadi nelayan dari pada menjadi pelajar.
113		
114		
115		
116		
117		
118		
119		
120		
121		
122		
123		
124		
125		
126		

127	<b>Njaring melu ramane apa melu wong liya?</b>	
128	<u>Melu wong mas. Nah bapake rung bisa tuku jarring dewek.. ya mung bisa dadi kuline wong tok..</u>	Informan terbiasa melakukan aktivitas kehidupan nelayan.
129	<u>Iya jane nek wes ana rejeki ggo tuku jarring ya bisa Mandan mending lah ra kesel banget melu wong...</u>	
130	<u>Critane wes Mandan mikir dadi wong tua lah yah?</u>	Berusaha mempersiapkan bekal untuk masa depan.
131	<u>Ya rapapa..</u>	
132	<u>Iya lagi nabung sendik-sendik..</u>	
133	<b>Mengko tulih ana rejekine,,ehehe</b>	
134	<u>Ya kudu mikir lah.. kepriwe-kepriwe wong aku anak lanang ya kudu ana tanggung jawabe karo keluarga.. bisa ngrewangi wong tua..</u>	Memiliki rasa tanggung jawab untuk dirinya sendiri dan keluarganya.
135	<b>Lah mbok esih kaya batir-batir liyane sing pada heppy-heppy?</b>	
136	<u>Ya kadang-kadang melu.. ana wayaeh lah mas.. kadang ya butuh hiburan..</u>	Mengikuti arus pergaulan teman sebaya di lingkungannya.
137	<b>Hiburane ngapa kue?</b>	
138	<u>Ya urunan karo batire karokean karo mabok paling..</u>	
139	<b>Hahaha.. pada bae kaya liyane yah..</b>	
140	<u>Ya Mandan mikir sendik.. nek liyane kan wes uteke pada ra mikir masa depan blas..</u>	
141	<u>Mikire gur seneng-seneng tok..</u>	
142	<b>Ya jenenge be menungsa..</b>	
143	<u>ya menungsa sing ra mikir..hahhaa</u>	
144	<b>hahahaha.. jenenge menungsa ya due pikiran mbokan..</b>	
145	<u>Due tapi ora pada dienggo..</u>	
146	<b>apa bapake ra reang si nek due duit kaya kue go karokean tok?</b>	
147	<u>Ora mas.. wong ramane be pada bae seneng karokean..</u>	Orang tua memiliki perilaku negatif yang sama dengan
148		
149		
150		
151		
152		
153		
154		
155		
156		
157		
158		
159		
160		
161		
162		
163		

164	<b>Dadi melu-melu ramane?</b>	informan.
165	Ora melu-melu.. ramane sing melu-melu	
166	aku..haha	
167	<b>woalah..</b>	
168	nek wong tuaku si ora kepriwe-kepriwe..	
169	mbok aku arep nakal kaya ngapa ya ora	
170	domaih.. sing penting kan aku bisa golet	
171	duit dewek,, ora njaluki wong tua.. ya ora	
172	pada reang..	
173	<b>wes dipercaya nek wes gede sih yah?</b>	
174	<b>Dadi ra domaih..</b>	
175	ya iya.. wes bisa golet duit ya ujare wes	
176	<u>gede..</u>	
177	<b>ahahahaha.. ya bagus bro..</b>	
178	hehehee	
179	<b>wes mbengi bro.. uwis dipit ya.. ngesuk</b>	
180	<b>maning gampang lanjut dolan maning</b>	
181	<b>bro,,</b>	
182	dolan bae bro nek butuh maning.. aku nang	
183	umah bae..	
184	<b>oke,, makasih ya..</b>	

### Verbatim Wawancara

Informan ke- : 3  
 Nama informan : CR  
 Waktu wawancara : Sore Hari  
 Hari/ Tanggal : Sabtu, 11 Juni 2016  
 Jam : 16.30 WIB  
 Lokasi : Pantai widarapayung  
 Tujuan : Untuk mengetahui tugas perkembangan remaja yang dialami oleh informan  
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur  
 Wawancara ke- : 1

#### **KODE: CR-S3-W1**

No	Catatan Wawancara	Analisis gejala
1	<b>Ulih akeh apa wa?</b>	
2	ya lumayan kie selawuhan..	
3	<b>nyong ngganggu waktune sedela ulih ora?</b>	
4		
5	Santai bae bro.. kaya karo sapa?	
6	<b>Nembe mentas apa?</b>	Pekerjaan informan sebagai nelayan
7	Iya kie nembe rampungan.. lagi liren kie..	
8	Puasa ora koe bro?	
9	<b>Alhamdulillah puasa bro..</b>	
10	Aku tah ora kie.. hehe	
11	<b>Ya ora papa.. wajar wong kesel kaya kue sedina nang laut..</b>	
12	Iya kie lagi nyeger..	
13	<b>Dipenak bae bro usah isin-isin..</b>	
14	Iya kie lah..	
15		

16	<b>Sue ra ketemu yah?</b>	
17	Iya wes sue.. kaya kie ra krasa tambah tua koh..	
18		
19	<b>Hahaha.. ya urung tua lah..</b>	
20	Lah kaya kie nang laut bae ya tambah ireng.. dadi keton tua yah,,	
21		
22	<b>Ya pada bae lah.. aku be iya..</b>	
23	<u>Iya koh,, ra krasa mbiyen be esih cilik rasane.. siki koh wes brengosen karo kumisen..suarane gede banget kaya wong tua palah kie.. hehe</u>	Informan mulai menyadari perubahan ciri-ciri fisik.
24		
25		
26		
27	<b>Iya koh waktune cepet yah..</b>	
28	Koe sih esih ngganteng bae.. ra kaya aku tambah elek kaya kie,,	
29		
30	<b>Ya oral ah.. koe be ngganteng,,</b>	
31	Ireng kaya kie si ngganteng kepriwe?	
32	<b>Ya nggantenglah wong bisa golet duit dewek kaya kue..</b>	
33		
34	Ya ora bae..	
35	<b>Wes mbojo urung koe?</b>	
36	urung koh.. ngemben mbojo nek pacare meteng..	
37		
38	<b>apa arep dimetengi si?</b>	
39	Ya ora.. tapilah ndina-ndina kelon ya sue-sue mbok meteng..hehe	
40		
41	<b>Sehh.. deneng saru kelon mbarang.. ya aja nganti meteng sedurung mbojo lah..</b>	
42		
43	<u>Lah siki pacaran ra kelon ya ora dadi..</u>	
44	<u>Penjaluke aja nganti meteng.. tapilah siki wes akeh sing meteng luar nikah koh...</u>	Berhubungan dengan lawan jenis yang melanggar norma.
45		
46	<u>Ya aja nganti lah..</u>	
47	<b>Apa jamane wes gemblung kaya kue si.?</b>	
48	<b>Ya dibojo men aman..</b>	
49	<u>Esih wedi nek mbojo koh.. masa depane urung genah..hehe</u>	Belum berani mengambil keputusan untuk menikah.
50		
51	<b>Anu wedonane akeh mbok yah.? Mulane bingung arep mbojo karo sing endi..</b>	
52		

53	<b>haha</b>	
54	Ya ora lah.. nek wedonan aku kur siji tok	Setia dengan pasangan lawan
55	bro.. setia lah.. walaupun pacarane wes kaya	jenis.
56	bojoan..hehe	
57	<b>Ya ndang dibojo bae nek wes mantep..</b>	Sudah memiliki rencana / target
58	Engko lah ngarah 2 tahun maning.. esih 21	menikah.
59	tahun urung wani..hehe	
60	<b>Iya men Mandan mateng yah umure,,</b>	
61	<b>hehe</b>	
62	Iya men Mandan mapan lah uripe..	
63	<b>Mbok wes kepenak kaya kue wes isa</b>	
64	<b>ngasil?</b>	
65	Ya urung lah.. esih wedi mbok ora isa	Belum berani mengambil
66	nyukupi keluarga.. anu esih mandan cokan	keputusan berumah tangga.
67	nakale angot koh..	
68	<b>Nakal ngapa si? Apa esih kaya bocah</b>	
69	<b>cilik maning?</b>	
70	Ya cokan esih kumat.. lewih-lewih nek agi	Kebiasaan berperilaku negative
71	nyekel duit bar bayaran iwak kaya kie..	(mabuk, nongkrong, tawuran)
72	Hawane nek wengi ya pengin mabok karo	
73	tongkrongan..	
74	<b>Esih sering nang prapatan apa?</b>	
75	Ya esih nek malem minggu seringe..	
76	hawane pengin kumpul batir karo mabok	
77	tekan esuk..	
78	<b>Ya asile kur go mabok tok entong..</b>	
79	Nah iya koh.. nek mabok ora tau gelem	
80	leren.. mulane wedi urung wani ngempani	
81	bojo.. lah esih cokan angot nakale si..	
82	<b>Hahahaha.. ya bagus jiwa mudane esih</b>	
83	<b>kuat..</b>	
84	<b>Nek bar mabok si gari ngapa? Esih</b>	
85	<b>cokan reang ora karo desa tangga?</b>	
86	Ya paling gari golet jalaran meng bocahan	
87	liya.. reang-reang gari tawuran..	
88	<b>Apa esih sering tawuran si?</b>	
89	Ya esih seringlah... nek saben malem	

90	<u>minggu kan mesti ana bae jalarane..</u>	
91	Siki tah agi prei anu bulan puasa si..	
92	<b>Apa ana preine si wong tawuran..</b>	
93	Critane kan preman beriman.. ya nek puasa pada prei ora gelutan..	
94		
95	<b>Hahhahaha..</b>	
96	<u>Wingi be rame tulih sedurung bada.. ana</u>	Perilaku kriminal (membunuh orang).
97	<u>cah karang duwur sing dipateni nang</u>	
98	<u>segara..</u>	
99	<b>Sehh.. anu kepriwe critane.? </b>	
100	<u>Ya gara-gara-gara wedonan.. pada singgel</u>	Sebab-sebab perilaku negative (hubungan dengan lawan jenis).
101	<u>nang segara palah terus mati...</u>	
102	<b>Dikroyok apa kepriwe?</b>	
103	<u>Iya.. lah kana atos banget.. nantangi jere ra</u>	Merasa jagoan.
104	<u>wedi aring wong kenean.. ya kawus mati..</u>	
105	<b>Apa ra tekan polisi si?</b>	
106	<u>Ya pada minggat sing mateni wingi.. pada</u>	Tidak bertanggungjawab terhadap
107	<u>mrantau meng Malaysia karo meng</u>	perilaku negatif yang sudah
108	<u>Kalimantan pernaeh..</u>	dilakukan.
109	<b>Apa koe ra melu..?</b>	
110	Ndilalah lah pas kue aku lagi mangkat	
111	njaring.. ya untung bae ra melu-melu.. nek	
112	pas ra njaring ya mesti melune,,hahahaha	
113	<b>Oalahh..</b>	
114	Hhehehhee..	
115	<b>Apa ra wedi si nek kenang polisi?</b>	
116	<u>Wedi lah.. masa depanku ya ancur nek</u>	Merasa khawatir masa depannya
117	<u>sampe kenang polisi..?</u>	akan hancur.
118	<b>Mulane uwisi nakale,,</b>	
119	<u>Iya koh.. kadang ya mikir masa depan</u>	
120	<u>kepriwe kaya kie bae.. kerja mung go</u>	Mulai memikirkan masa depan
121	<u>mangan sedina ngesuk golet maning</u>	dan berharap ada perubahan
122	<u>bingung maning,,</u>	positif pada dirinya.
123	<b>Ya jenenge kecukupan..</b>	
124	<u>Nek cukup jane ya ora cukup.. cukup kur go</u>	
125	<u>mangan tok.. ora bisa go nyelengi koh,,,</u>	
126	<b>Jane ya mandan mikir yah..</b>	

127	<u>Ya iya lah,, masa urip arep kaya kie terus..</u>	
128	<u>kaya kie kan mumpung esih enom esih</u>	
129	<u>bergas.. nek wes tua ra kuat maning si</u>	
130	<u>kepriwe nek ra due celengan...</u>	
131	<u>Jane ya kecukupan urip dadi tukang</u>	
132	<u>njaring.. tapilah embuh kepriwe mikire esih</u>	
133	<u>mikir foya-foya nek lagi due duit koh...</u>	
134	<b>Hahahaha.. ngemben tulih sue-sue mikir,,</b>	
135	<b>Urung wayae mbokan..</b>	
136	<u>Iya koh.. ngesuke kepriwe nek wes due bojo</u>	Mulai memikirkan kehidupan
137	<u>ya jane mikir masa depan ya mumeti nek</u>	berkeluarga.
138	<u>kaya kie terus..</u>	
139	<b>Lah wong tua kepriwe? Mbok dimodali</b>	
140	<b>go golet rejeki..</b>	
141	<u>Dipikirna sih dipikirna.. tapi lah akune</u>	Informan hanya memikirkan
142	<u>dewek sing rung bisa mikir koh.. esih mikir</u>	kesenangan diri sendiri.
143	<u>seneng-seneng..</u>	
144	<b>Sekolah tamatan apa si koe?</b>	
145	<u>Aku tamat SMP tok... lah bodone aku kon</u>	Informan hanya tamatan SMP dan
146	<u>sekolah SMA palah ra gelem..</u>	tidak mau melanjutkan sekolah.
147	<u>Wong tuaku jane ya pengin banget</u>	
148	<u>nyekolahna aku,, tapi akune sing ra gelem</u>	
149	<u>si.. mikirku esih mikir kur seneng-seneng</u>	
150	<u>tok si... sing penting golet duit go seneng-</u>	
151	<u>seneng tok mikire.. tapi palah gari nyessel</u>	
152	<u>wedi masa depane arep kepriwe..</u>	
153	<b>Engko tulih ana dalane bro.. sing penting</b>	
154	<b>kan bisa ulih duit go pranti mangan..</b>	
155	<u>Iya priyatin lah yah..</u>	
156	<b>Kae pernaeh nang desa ana karang</b>	
157	<b>taruna bro? melu ngurusi ora?</b>	
158	<u>Lah ora urusan masalah desa bro.. ora melu</u>	Informan tidak mau terlibat dalam
159	<u>urusan kaya kue lah,,,</u>	urusan kemasayarakatan.
160	<b>Mboklah aktif melu majukna desa bro..</b>	
161	<u>Lahh melu kaya kue ana duite be ora.. mung</u>	
162	<u>luraeh tok sing sugih.. dadi pemuda ya ora</u>	
163	<u>ana duite..</u>	

164	<b>Ya kan mbok bisa dadi ana dalane bro</b>	
165	<b>mbok dadi kaur apa bau..hehhee</b>	
166	<u>Kur lulusan SMP si arep kanggo apane? Pol</u>	
167	<u>ya mung dadi tukang njaring tok kaya kie..</u>	
168	<u>cukup go mangan karo go tuku udud..</u>	
169	<b>Lah nek ana kegiatan kaya ronda apa</b>	
170	<b>rewang tangga si cokan hadir ora?</b>	
171	<u>Ya blas.. bebeh si temen melu-melu kaya</u>	
172	<u>kue.. mending turu istirahat kena mangkat</u>	
173	<u>njaring tenagane si genah ulih iwak akeh</u>	
174	<u>ulih duit,,</u>	
175	<b>Hahaha.. ya iya sih..</b>	
176	<u>Mulane go ngapa ndadak melu ngurusi</u>	
177	<u>desa.. ora ana untunge.. wong jenenge</u>	
178	<u>tangga be ra ana sing urusan.. apa si melu</u>	
179	<u>ngempani.. ya mbok mangan dewek-</u>	
180	<u>dewek..</u>	
181	<b>Hoalah,,, cah apa si kaya kue.. arep urip</b>	
182	<b>dewe mati pendem dewek apa?</b>	
183	Ya ra bisa nek dipendem dewek lah,, ya	
184	dipendem koe ya,. Hehe	
185	<b>Lah ya bebeh.. buang kali bae lah yah..</b>	
186	Huss.. ngarang,,	
187	<b>Sing penting kerja terus ben masa</b>	
188	<b>depane kepenak ya wa..</b>	
189	<u>iya semangat lah ben uripe mandan kepenak</u>	
190	<u>syukur-syukur bisa sugih..hehe</u>	
191	<b>sing penting cukup ora sugih orapapa..</b>	
192	ahahahaha..	
193	ngalor yuh.. wes arep maghrib.. mbok udan	
194	wis mendung kie..	
195	<b>tek kira arep nginep nang kene koe?</b>	
196	She nginepi apa sih nang pinggir segara	
197	kaya kie.. cokot medi lah bahaya..	
198	<b>Ya mbok arep mangkat njaring maning..</b>	
199	Ujare si robot ra due kesel..	
200	<b>Hahahaha..</b>	

201	Yuh ngalor aku mbonceng sisan ya.. ora	
202	gawa motor anu koh..	
203	<b>Ya ayuh..</b>	
204	mbok arep buka juga koe?	
205	<b>Iya gampang wong buka.. yuh..</b>	

### Verbatim Wawancara

Informan ke- : 4  
 Nama informan : DK  
 Waktu wawancara : Siang Hari  
 Hari/ Tanggal : Senin, 13 Juni 2016  
 Jam : 13.00 WIB  
 Lokasi : Rumah Informan  
 Tujuan : Untuk mengetahui tugas perkembangan remaja yang dialami oleh informan  
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur  
 Wawancara ke- : 1

#### **KODE: DK-S4-W1**

No	Catatan Wawancara	Analisis gejala
1	<b>Kie aku ana perlu karo koe.. pengin ngobrol-ngobrol sue ra ketemu..</b>	
2	Kepriwe mas?	
3	ya ora piwe-piwe.. ganu kan aku pernah crita pengin wawancara tentang anake nelayan, nah kan bapakmu nelayan senior lah critane nang desa kie.. koe juga nuruni dadi nelayan nang kene.. kan cocok banget nek takon-takon aring koe..ya pengin ngerti bae tentang kehidupanmu..	
4	ya aku si orapapa.. tapi aman mbok ora disebar-sebarna..	
5	<b>tenang bae, aman lah pokoke rahasiane..</b>	
6	ya okelah nek kaya kue..	

16	<b>Tembe tangi turu apa koe?</b>	
17	iya kie mas..	
18	<b>ayem temen yene nembe tangi.?</b>	
19	Hehehe.. iya mau esuk nembe bali koh..	
20	<b>Agi akeh iwak apa? Ulih pirang kilo?</b>	
21	<u>Iya agi akeh.. lumayan mas kena go ngempani anak bojo..</u>	Informan mencari nafkah untuk mencukupi kebutuhan anak istri.
22	<b>Ya Alhamdulillah..</b>	
23	<b>Apa wes mbojo si koe?</b>	
24	<u>Uwes setahun mas.. kae anake be wes gede..</u>	Informan sudah menikah satu tahun dan memiliki anak.
25	<b>Sehh kapan si? Deneng aku ra krungu.. ora mbaranggawe apa?</b>	
26	<u>Iya ra mbaranggawe.. wong ora ngapanya.. menengan mas, mbojone be anu kecelakaan..</u>	Alasan menikah karena istri hamil duluan.
27	<b>Meteng disit apa?</b>	
28	<u>Iya..hehee</u>	
29	<b>gaul temen..</b>	
30	dawa critane mas..	
31	<b>ya orapapa.. tek rungokna..</b>	
32	<u>awale ya anu pacaran wes sue,, pacaran ket esih sekolah SMP kelas 2.. jamane cinta monyet sampe cinta temenan..</u>	Informan tertarik dengan lawan jenis sejak SMP kelas 2.
33	<b>hahaha,, sue yah pacarane.. termasuke ya setia lah..</b>	
34	iya ket mbiyen,, lah ndina-ndina bareng umaeh kan perek ..	
35	<b>bareng kepriwe emange?</b>	
36	<u>Aku nang umaeh bojoku ya wes kaya nang umaeh dewek.. bojoku nang umahku ya wes kaya umaeh dewek.. wong tuane kae karo aku y awes kya wong tuane dewek, kae nang wong tuaku ya kaya anake dewek.. wes cocok lah ndina-ndina bareng,, mbiyen lah pas jamane esih pacaran,,</u>	Pada saat pacaran hubungan dengan keluarga lawan jenis sudah seperti keluarga sendiri.
37	<b>Ohh, terus..?</b>	
38	ya kaya kue, tamat sekolah ya wes pengin	

53	dibojokna.. tapi nang wong tuane kae ora	
54	ulih mbojo dipit.. intine kon sekolah dipit..	
55	nah sementara aku wes ra niat sekolah	
56	maning..	
57	<b><u>dadi bojomu sekolah SMA, koe kur sekolah SMP..?</u></b>	Informan hanya lulusan SMP dan pacarnya lulusan SMA sehingga orang tua tidak menyetujui.
59	<u>ya iya aku kur SMP tok.. nah terus kan kayanu mandan ana bedane lah kae SMA</u>	
60	<u>aku SMP.. critane cintane kayanu mandan</u>	
61	<u>kurang.. wong tuane juga kayanu sue-sue</u>	
62	<u>ora setuju nek anake karo aku sing ra sekolah...</u>	
65	<b><u>lah nangapa ra melu sekolah SMA koe?</u></b>	Informan sudah malas sekolah.
66	<u>Nah aku wes bebeh sekolah koh..</u>	
67	<b><u>Terus putus apa?</u></b>	
68	<u>Ya sempet putus,, tapi aku anu wes kadung</u>	
69	<u>seneng ya tek buru terus..</u>	
70	<b><u>Terus balikan maning apa?</u></b>	Usaha informan dalam memperjuangkan cintanya.
71	<u>Ya mandan ana setahun kae pacaran maning</u>	
72	<u>karo wong liya.. tapikan aku ora nyerah,,</u>	
73	<u>tek buktikna terus nek aku bener-bener</u>	
74	<u>cinta..</u>	
75	<u>Ndilalaeh pas kelas 3 SMA kae gelem</u>	
76	<u>balikan maning karo aku,, tapi nang wong</u>	
77	<u>tuane kayanu ora setuju bae..</u>	
78	<b><u>Jere awale disetujuni..</u></b>	
79	<u>Iya pas esih jaman sekolah bareng SMP,</u>	Alasan orang tua tidak menyetujui hubungan keduanya (informan hanya lulusan SMP)
80	<u>tapi mbarang ngerti aku ra sekolah dadi ora</u>	
81	<u>setuju..</u>	
82	<b><u>Terus sidane dimetengna bae men</u></b>	Cara informan dalam mendapat restu orang tua (berhubungan sex diluar nikah)
83	<b><u>disetujui kaya kue yah?</u></b>	
84	<u>Ya jelas,, dari pada ora disetujui bae..</u>	
85	<u>Ya pertamane wes due rencana lah pengin</u>	
86	<u>mbojo rundingan dipit karo bojoku kepriwe</u>	
87	<u>carane,, terus ya dengan cara kaya kue men</u>	
88	<u>direstui.. hehhhee</u>	
89	<b><u>Hahahaha..</u></b>	

90	Tapi niate ya nek wes rampung dipit sekolah bojoku.. bar rampung ya terus niati meteng..hehe	
92	<b>Lahh mbok ra direstui, si ketemune piwe?</b>	
95	<u>Ya umpet-umpetan lah,, pinter-pitere gulih nyolong waktu men bisa,, wong bojoku ya anu wes niat gelem..</u>	Sabjek sembunyi-sembunyi dalam melakukan hubungan sex diluar nikah
98	<b>Berarti ora maksa merkosa lah yah..? hahaha</b>	
100	<u>Ya ora lah,, atas nama cinta lah..</u>	Melakukan hubungan seksual suka sama suka (tanpa pemaksaan)
101	<b>Terus mbarang meteng ya direstui..</b>	
102	<u>Ya iya lah,, nek ra direstui si kepriwe bayine nasibe..hehe</u>	
104	<b>Sangar lah yah..</b>	
105	<u>Jane ya ora pengin kaya kue.. pengine ya drestui tapilah ora ana dalam liya..</u>	Informan menyadari bahwa perilaku tersebut salah, namun tidak punya pilihan lain
107	<b>Si mbarang dadi gulih ngomong meng tua kepriwe?</b>	
109	<u>Ya ngomong pertama meng wong tuaku, asor keluputan dipit,, terus ramaku karo aku sing ngomong meng wong tuane bojoku..</u>	Informan berani berterus terang dan bertanggung jawab terhadap perbuatannya
112	<b>Critane nglamar lah yah..</b>	
113	Hahahaha.. iya nglamar anu wes dadi anak,, hehe	
115	<b>Cinta lah membutakan segalanya yah,, apa ra domaih si?</b>	
117	<u>ya domaih lah pertamane,, ngarang temen kaya kue kon ra domaih,, tapikan wes siap nanggung resikone lah,,,</u>	Informan berani menerima resikonya dari perbuatannya
120	<b>hahahaha.. hebat lah,,,</b>	
121	<b>adimu si ana pira?</b>	
122	Aku anak keloro, sing mbarep mbakku, adiku ana 2 lanang wedon esih pada sekolah..	
125	<b>Bisane wani bertindak kaya kue kepriwe? Kan adine esih ana, esih cilik,</b>	
126		

127	<b>apa ra wedi mbok isin adine..</b>	
128	Aku kan wong lanang, wes gede juga.,	Informan sudah siap untuk
129	mbok wes kewes mbojo ya wani bae.. sing	menjalin hubungan pernikahan
130	penting kan gelem njaring, ulih duit bisa go	
131	mangan.. ya wes cukup nggo modal mbojo	
132	lah,, sing penting kan aku due tanggung	
133	jawab..	
134	<b>Apa wes gede si?</b>	
135	Ya uwes lah,, nah kie suarane karo raine	Informan menyadari perubahan
136	mbok wes tua.. hahaha	fisik pada dirinya.
137	Wes bisa golet duit juga, ora njaluk meng	Informan sudah mandiri dalam hal
138	wong tua.. hehe	mencukupi kebutuhan finansial
139	<b>Iya si wes bisa ngasil yah..</b>	
140	<b>Apa bapake karo beyunge ra piwe-piwe</b>	
141	<b>si?</b>	
142	Ya ora lah... <u>wong tuaku ndidik nek cah</u>	Didikan orang tua agar informan
143	<u>lanang kudu gelem kerja ngasil golet nafkah</u>	bertanggung jawab sebagai
144	<u>go keluarga.. sing penting kan bener,, hehe</u>	seorang laki-laki
145	<b>Apa ra isin meng tangga-tanggane si?</b>	
146	Lahh ora mikirna omongan tangga.. wong	
147	tangga ngempani ya ora koh pusing-pusing	
148	mikirna omongane..	
149	<b>Ora urusan lah yah..</b>	
150	Ya iya lah,, go ngapa ngurusi tangga,, sing	
151	penting aku ora njaluk mangan meng	
152	tangga.. urip- uripku dewek ya men aku	
153	sing nglakoni.. tangga kan mung keprok	
154	karo ngguyu tok nek ngerti tanggane	
155	sengsara..	
156	<b>Lah nek ana kumpulan apa ronda nang</b>	
157	<b>RT si ?</b>	
158	<u>Ya bebeh sih temen,, men urusane ramaku</u>	Informan tidak mengikuti
159	<u>nek ana kegiatan RT lah..</u>	kegiatan masyarakat
160	<b>Berarti esih melu wong tua koe karo</b>	
161	<b>bojomu?</b>	
162	<u>Iya esih nunut nang umaeh wong tua..</u>	Informan dan istrinya masih ikut
163	<b>Palah men rame yah ora misah..</b>	orang tuanya

164	<u>Jane ya pengine misah,, tapilah urung ana rejekine,</u>	Keinginan informan untuk hidup mandiri
165		
166	<b>Engko tulih ana rejekine bro..</b>	
167	<u>Iya mestine tulih ana dalane lah wong urip ana sing gawe urip.,hehe</u>	Informan menyadari segala sesuatu sudah ada yang mengatur, yang penting tetap berusaha
168		
169	<b>Sing penting ikhtiar karo tawakal lah yah.,</b>	
170		
171	<u>Hehehe..</u>	
172	<u>Usahane ya ora kurang-kurang.. dongakna bae bisa dadi juragan..ora kesel dadi kuli bae,,hehe</u>	
173		
174		
175	<b>Amin bro,, rencanane due prau dewek lah yah..</b>	
176		
177	<u>Iya pengin banget due prau.. sendik-sendik ya nabung ket siki.</u>	Keinginan informan untuk memilki perahu
178		
179	<b>Iya mikir anake men cerah masa depane bro..</b>	
180		
181	<u>Amin.. semoga anakku ora sengsara kaya aku..</u>	Harapan informan supaya masa depan anaknya lebih baik
182		
183	<b>Ya ora sengsara lah, termasuke koe ya kecukupan,,</b>	
184		
185	<u>Kecukupan apane lah mas,, ya kecukupan koe lah bisa sekolah duwur..</u>	
186		
187	<b>Sehh,, ya jane koe bisa.. mung kurang niat si..</b>	
188		
189	<u>Lahh iya koh,, kegawa lingkungan sing pada ra sekolah,, dadi bebeh sekolah.. mending mangkat njaring ulih duit dari pada mikir pelajaran..</u>	Pengaruh lingkungan terhadap tingkat pendidikan informan
190		
191		
192		
193	<b>Nah mulane, disyukuri bae.. wes ana dalane dewek-dewek..</b>	
194		
195	<u>iya gari nglakoni bae sing bener..</u>	
196	<b>hahahaha.. mbarang wes mbojo mikir yah.. pernaeh mbiyen aku sering weruh nang prapatan agi mereng-mereng..</b>	
197		
198		
199	<u>itu masa lalu mas.. nek mbiyen si iya mikire due duit go mabok, seneng-seneng..</u>	Masa lalu informan yang sering berperilaku negatif
200		

201	<u>mbarang wes due bojo ya mikire go anak</u>	
202	<u>bojo karo go nyelengi tuku prau..hehehe</u>	
203	<b>nah iya berubah lah yah mbarang wes</b>	
204	<b>due bojo..</b>	
205	ya iya lah,, masa kon ajeg bae jenenge	
206	wong urip..	
207	<b>siki berarti wes ra tau mabok lah ya..</b>	
208	ya esih kadang-kadang nek agi njaring go	
209	anget-anget... tapi ra akeh- akeh mbok	
210	domaih nang bojone..	
211	<b>hahaha.. siki sing ngomaih bojone ya udu</b>	
212	<b>ramane..</b>	
213	<u>ya iya wes dadi wong tua ya bojo sing</u>	Informan tidak ingin anaknya
214	<u>ngomaih.. wedi juga awes due anak mbok</u>	mengikuti perilaku yang negatif.
215	<u>anake tiru.. apa maning anaku lanang..</u>	
216	<u>mbok nakal kaya ramane ya repot.,</u>	
217	<b>hahahaha.. ya aja ulih tiru,,</b>	
218	<u>ya iya kudu bener-bener aku sing ndidik..</u>	
219	<u>kon sekolah tekan duwur men ra bodo kaya</u>	
220	<u>aku..</u>	
221	<b>amin..</b>	
222	<b>wes kalah tua aku lah pemikirane..</b>	
223	ya esih tua rika lah mas.. mung rika rung	
224	mbojo dadi urung mikir anak bojo kaya	
225	aku,,hehe	
226	<b>hahahaha...</b>	
227	mbojo mulane mas,, men ngrasakna dadi	
228	wong tua..	
229	<b>lahh urung pengin mbojo lah,, urung bisa</b>	
230	<b>ngasil kaya koe..</b>	
231	mengko nek wes ngasil ya rika milyaran	
232	kue lah asile wong sekolaeh be duwur ra	
233	kaya aku..	
234	<b>amin...</b>	
235	<b>rejeki wes ana sing ngatur bro,,hehe</b>	
236	aja kelalen meng aku bro nek wes sukses..	
237	aja kaya wong-wong liya sing pada	

238	sombong nek wes sukses,,	
239	<b>ya ora lah,, semoga ora kaya wong-wong</b>	
240	<b>sing kaya kue,,</b>	
241	iya aja mas.. wong sompong rejekine adoh..	
242	hahaha	
243	<b>deneng palah koe sing dadi takon-takon..</b>	
244	<b>wong aku sing agi takon tentang koe koh..</b>	
245		
246	hahahaha.. oiya kelalen..	
247	<b>cah apa sih.. umurmu siki pira si?</b>	
248	<u>Esih 20 mas..</u>	Informan berusia 20 tahun
249	<b>Berarti esih bocah jane ya..</b>	
250	Ya ora lah.. bocah tulih nek esih umbelen..	
251	siki kan wes beda karo jamane mbiyen,,	
252	hehehe	
253	<b>Maksude umure sing esih bocah koh..</b>	
254	<b>Jejel Bedane apa?</b>	
255	<u>Ya beda lah.. mbiyen esih cilik, siki wes</u>	Informan menyadari sudah
256	<u>gede awake mbok.. wes tua mbok kie</u>	semakin dewasa
257	<u>suarane..</u>	
258	<b>Hahahahha,,, iya lah wes gede..</b>	
259	Nah rika si umur pira mas?	
260	<b>Aku ya esih 19 lah wong rung mbojo..</b>	
261	<b>koe sing mbojo be nembe 20..ehhehe</b>	
262	Lahh ya ra mungkin.. wong jamane SD aku	
263	esih kelas 2 rika be wes kelas 5 apa 6 yah,,	
264	hehehe	
265	<b>Hahahha.. apa iya,,?</b>	
266	<b>Ya berarti umurku 24 siki..hehe tua yah..</b>	
267	Wes tua yah,. Tapi esih kewes bae kaya 19	
268	koh..	
269	<b>Hahahha,, apa iya si?</b>	
270	Iya enom bae.. tambah ngganteng bae koh	
271	mas..	
272	<b>Wes lah,, palah dadi bahas umur,,</b>	
273	Hahahahaha.. lah temenan koh ..	
274	<b>wes bali bae aku lah,, wes kesel ngomong</b>	

275	<b>bae... ngesuk gampang sambung maning ya..</b>	
276	siap,, tenang bae.. nek esih butuh ngeneh	
277	bae.. sing penting agi nang umah bae ra pas	
278	njaring..	
279	<b>ya oke lah,, ngesuk tek kabari maning nek perlu maning ya...</b>	
280	siap bos,,	
281	<b>makasih ya.. wes lanjut maning ngonoh turune,,</b>	
282		
283		
284		

### Verbatim Wawancara

Informan ke- : 5  
 Nama informan : ER  
 Waktu wawancara : Siang Hari  
 Hari/ Tanggal : Rabu, 15 Juni 2016  
 Jam : 12.30 WIB  
 Lokasi : Rumah Informan  
 Tujuan : Untuk mengetahui tugas perkembangan remaja yang dialami oleh informan  
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur  
 Wawancara ke- : 1

#### **KODE: ER-S5-W1**

No	Catatan Wawancara	Analisis gejala
1	<b>Bro, sibuk temen ketone koh?</b>	
2	Iya kie agi ndandani jaring pada bolong,	
3	piwe koh bro?	
4	<b>Disambi ngobrol-ngobrol ya, rapapa mbok?</b>	
5	Ya rapapa lah, santé bae	
6	<b>Ujarku jarang keton koe deneng bro, meng ndi bae koh, meranto apa?</b>	
7	Mranto ngendi lah, nang umah bae lah,	
8	adoh-adoh ngapa.	
9		Aktivitas sehari-hari informan
10		sebagai nelayan
11	<b>Oh ujarku mranto, <u>sibuk ngapa bae koh?</u></b>	
12	<u>Ya kaya kie ora genah mas..ndina-ndina</u>	
13	<u>mung njaring paling..</u>	
14	<b>Akeh terus apa ulieh?</b>	
15	<u>Ya lumayan kena go hiburan malam nek agi</u>	Informan sering pergi ketempat

16	panen..	hiburan (karaoke)
17	<b><u>Hiburan apa koh?</u></b>	
18	Karokean lah wa..	
19	<b><u>Jere tutup agi puasa?</u></b>	
20	Ya ready maning ngesuk bada yah.. wes	
21	siap amunisi go goyang yah..hahaha	
22	<b>Ualah,, cah apa si?</b>	
23	<b>Apa ndina-ndinane kaya kue si nek ulih iwak akeh?</b>	
25	Ya jelas.. wes dadi pelanggan tetap yah..	
26	<b>Lah nek agi sendik ulieh si?</b>	
27	Ya usaha lain dong, ora ketang usaha njioti	Informan suka mencuri milik
28	entoke tanggane go di dol ben ulih duit,	orang lain untuk mendapatkan
29	haha	uang
30	<b><u>Seh, deneng kaya kue, joss temen.. ora sisan motor men mandan ulih akeh..</u></b>	
32	Sehh,, deneng maraih sing bahaya yah..	
33	<b>Apa nek mung nyolong entok ora bahaya si?</b>	
35	Ya kan nek semisal agi apes konangan	Informan meremehkan hukuman
36	ukumane ora abot..hehe	pencurian
37	<b>Tanggung temen ra sisan sing gede men kondang.. hahahaha</b>	
39	<b><u>Go ngapa bae jane duite?</u></b>	
40	Lah go ready koh.. pranti karokean karo	Perilaku negatif informan (pergi
41	gaplean.,haha	ke tempat hiburan malam, berjudi,
42	<b><u>Asli apa mung kaya kue tok?</u></b>	pelacuran)
43	Ya karo wedonan sendik.hehe	
44	<b>Sendik apa sendik?</b>	
45	Sendik sendik sue-sue akeh maksude..	
46	hehehe	
47	<b>Ngandel bae..</b>	
48	<b>Lahh tau konangan urung?</b>	
49	Ya ra bakal konangan ya, kan wis ahli..	Informan merasa ahli dalam
50	<b>Jenenge menungsa nek lagi apes konangan kepriwe?</b>	mencuri
51	Ya aja nganti lah,	

53	<b>Lah rama biyungmu apa ra ngerti nek tukang njioti kaya kue?</b>	Orang tua informan tidak mengetahui perilaku negatif informan
54	<u>ya ora ngerti lah.. ngertine ya njaring tok pegawean..,</u>	
55	<b>lah nek ngerti?</b>	Orang tua tidak memperhatikan informan
56	<u>Ya orapapa.. wong diurus be ora..</u>	
57	<b>Lah nek agi mabok terus gaplean apa wedonan si ramamu ra reang?</b>	Masa lalu orang tua juga sering berperilaku negatif sehingga menurun kepada informan.
58	<u>Ora mungkin reang lah.. kae wong y awes rumangsa mbiyene be kaya aku.. palah lewih parah.. mulane anake tiru.. nek reang ya mung gari ngomong mbiyen rika be kaya kue.. tulih terus meneng..</u>	
59	<b>Ualah.. jebule anu kembarane ramamu koe yah?</b>	
60	<u>Jenenge anak mbok ra beda adoh karo wong tuane..</u>	
61	<b>Ya iya sih..</b>	
62	<b>apa mbiyen ramamu ya wedonan juga kaya koe apa?</b>	
63	<u>Nek kue tah ora.. ramaku mbesile mung tukang totoan, gento karo mabok..</u>	Perilaku negatif orang tua di masa lalu (berjudi dan mabuk-mabukan)
64	<u>Nek wedonan si anu akune bae sing kepenginan weruh wong wedon ginuk-ginuk..hehehe</u>	
65	<b>Clamit berarti koe yah.. hahahah</b>	
66	<u>Ya jenenge be wong lanang.. ya wajar mbok..</u>	Merasa bahwa laki-laki wajar melakukan perilaku negatif
67	<b>Wajar tulih nek ra nemen-nemen..</b>	
68	<u>Ya enak bae lah,,</u>	
69	<b>Apa ra pengin mranto apa usaha liyane, kerja kantoran apa piwe ngesuk-ngesuke?</b>	
70	<u>Lahh kie be kantoran koh.. saben sore mangkat esuk bali.. hahaha</u>	
71	<u>Jame maksude sing kaya kantoran... hehe</u>	
72	<b>Ya maksude kerja liyane ora njaring</b>	

90	<b>loh..</b>	
91	Lahh kantoran si kepriwe?	
92	<u>Wong ijazah ya mung SD apa si payu..</u>	Informan hanya lulusan SD
93	<b>Lah salaeh ra sekolah maning,,</b>	
94	<u>Lahh anu cita-citane mung sing penting isa</u>	Perspektif informan bahwa
95	<u>ngitung karo nulis go ngitungi duit iwak</u>	sekolah yang penting bisa
96	<u>karo nulisi utangan,,hahaha</u>	menghitung dan menulis untuk
97	<u>Wes pengine pokoke ya dadi juragan iwak</u>	aktivitas nelayan.
98	<u>sing kepenak..</u>	Keinginan informan untuk tetap
99	<u>Pokoke ya ora pengin dadi liyane nek ora</u>	menjadi seorang nelayan
100	<u>njaring ya juragane sing mandan</u>	
101	<u>kepenak,,hehe</u>	
102	<b>Jan ora pengin yah..</b>	
103	<u>Ora lah... wong aku ket cilik sampe gede</u>	Informan keturunan asli nelayan
104	<u>tua kaya kie ya sing nguripi laut.. ya asile</u>	
105	<u>kang laut kudu.. pokoke wes jiwa raga laut</u>	
106	<u>pokoke., hehe</u>	
107	Ngeneh pindah ngenehlah sing mandan	
108	kaya tamu.. (berpindah ketempat duduk	
109	lain)	
110	<b>Lahh.. lebay temen koh.,</b>	
111	<b>Tamu agung apa..</b>	
112	Ya emen lah..	
113	Nenek moyang kita mbok seorang pelaut	
114	jere lagu.. ya mulane aku ngetutna nenek	
115	moyang..	
116	<b>Nek kakek moyange si seorang apa?</b>	
117	Embuhan kue ora ngerti nek kakek moyang	
118	luh.. hahaha bisa bae luh..	
119	<u>Aku ngertine ramaku mbahku anu tukang</u>	Informan bangga berprofesi
120	<u>njaring ya tak junjung profesi tukang</u>	sebagai nelayan
121	<u>njaring pokoke..</u>	
122	<b>Ya baguslah..</b>	
123	<b>Tapi ya dikurangi gulih nyolongan bro..</b>	
124	<u>Ya kan nek lagi kepepet tok karo ana</u>	Informan mencuri ketika terdesak
125	<u>kesempatan.. nek agi ulih akeh iwak ya ora</u>	
126	<u>bakal nyolong lah..</u>	

127	<b>Emange ulieh pira si nek agi akeh?</b>	
128	Ya ora ketang 200 ewu ya ulih nek agi ana..	
129	nek lagi sepi ya sendik-sendike 50	
130	palingan..	
131	<b>Ya akehlah.. lumayan..</b>	
132	Ya kena go mangan.. hehe	
133	<b>Engko mbengi diundang nang karang taruna ora koe?</b>	
134		
135	Embuhan luh.. anu kon ngapa si?	
136	<b>Pernaeh ana kumpulan bahas panitia idul fitri.. mbok melu dadi panitia koe..?</b>	
137		
138	<u>Sori sih temen melu-melu kaya kue..</u>	
139	<b>Lah nangapa si?</b>	Informan tidak mau terlibat dengan aktivitas masyarakat
140	<u>Lah ya bebeh.. isin temen.. mending dadi</u>	
141	<u>warga biasa bae lah,, sing manutan nganah</u>	
142	<u>ngeneh urusan desa..</u>	
143	<b>Makmum lah yah critane..</b>	
144	Iya manut sing ngatur bae..	
145	<b>Kepriwe sih? Jiwa muda je kendo kaya</b>	
146	<b>kue.. wuu payah...</b>	
147	Hak lah..	
148	<b>Pira sih umurmu?</b>	
149	<u>Arep 20 mas..</u>	Informan berusia 20 tahun
150	<b>Esih enom yah..</b>	
151	<u>Ya Jane enom.. tapi raine tua koh... anu</u>	
152	<u>ndina-ndina nang segara sih lah..</u>	Informan menyadari perubahan fisik (muka terlihat lebih dewasa)
153	<b>Hahahhaa.. sadar lah yah..</b>	
154	Lah anane sih lah.. wong dasare elek ya	
155	elek.. nambah tua maning,, jan hufet banget	
156	yah..	
157	<b>ya wes lah kaya kue bae.. dilanjut</b>	
158	<b>maning ngonoh kue gulih ndandani</b>	
159	<b>jaring..</b>	
160	Lah arep ngendi si? Gari dolan be esih	
161	awan.	
162	<b>Esih ana gawean kie nang umah koh..</b>	
163	<b>mbok koe juga ora rampung-rampung</b>	

164	<b>nek aku dolan bae..</b>	
165	Gawean apa jane? Sok sibuk temen.. huuu	
166	<b>Gampang ngesuk dolan maning,, ngesuk</b>	
167	<b>nek butuh maning tulih ngeneh</b>	
168	<b>maning...</b>	
169	Ya..	
170	<b>Tek bali dipit ya..</b>	
171	Ya ati-at..	
172	<b>Melu dolan umahku yuh..</b>	
173	Ya ngesuk kapan-kapan gampang..	

### Verbatim Wawancara

Informan ke- : 6  
 Nama informan : FJ  
 Waktu wawancara : Pagi Hari  
 Hari/ Tanggal : Sabtu, 18 Juni 2016  
 Jam : 09.30 WIB  
 Lokasi : TPI (Tempat Pelelangan Ikan)  
 Tujuan : Untuk mengetahui tugas perkembangan remaja yang dialami oleh informan  
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur  
 Wawancara ke- : 1

#### **KODE: FJ-S6-W1**

No	Catatan Wawancara	Analisis gejala
1	<b>Pernaeh lagi Leha-leha apa wa?</b>	
2	Nembe be liren kie koh bar muat,,	
3	<b>Pantesan gemrojos kringete yah..</b>	
4	Iya kie kaya wong adus..	
5	<b>Akeh apa ngangkute?</b>	
6	Kie miki mentas ana 2 prau ulieh mandan akeh,,	
7		
8	<b>Dadi bakul apa?</b>	
9	<u>Kuli lah iya kie.. melu bose.,</u>	Informan berprofesi sebagai kuli nelayan
10	<b>Ora njarig bae si..?</b>	Aktivitas sehari-hari informan sebagai nelayan
11	<u>Ya kadang nek agi pengin njaring ya</u>	
12	<u>mangkat.. tapi kie agi bebeh mangkat ya</u>	
13	<u>melu nguli bae blajaran dodolan..hehhe</u>	
14	<b>Asile akeh endi?</b>	
15	Ya mending njaringe..	

16	<b>Mboklah akeh asil dadolane..</b>	
17	Ya mung akeh sripilane..	
18	<b>Borongan apa nek kaya kue?</b>	
19	Ya iya harian bayarane..	
20	<b>Sripilane si kepriwe?</b>	
21	<u>ya adol ra mlebu catetan, mlebu kantonge</u>	Perilaku curang informan saat
22	<u>dewek nek ra ana bose.. heheh</u>	bekerja
23	<b><u>apa ra konangan?</u></b>	
24	<u>Ya aman lah nek ra ana bose,, wong anu</u>	
25	<u>akeh banget iwake.. ya ora keton..</u>	
26	<b><u>Ya ngasil lah yah..? ulih pira?</u></b>	
27	<u>Nek agi seja ya ora mati 150 sedina ya</u>	
28	<u>ulih...hehe</u>	
29	Tergantung iwake agi akeh apa ora..	
30	<b><u>Ket cilik yah nang TPI terus?</u></b>	Sudah bekerja di TPI sejak SD
31	<u>Iya,, jamane esih sekolah SD ya sering</u>	karena ikut orang tua
32	<u>mbolos mengeneh melu ramane..</u>	
33	<b><u>Sekolah SD tok apa?</u></b>	
34	<u>SD be ora lulus koh..</u>	Informan tidak lulus SD
35	<b><u>Sehh apa ora lulus si?</u></b>	
36	<u>Ora koh.. nang kelas 4 metu.</u>	
37	<b><u>Apa ra kon sekolah si nang ramane?</u></b>	
38	<b><u>Metu ra domaih..</u></b>	
39	<u>Ya ora.. <u>wong ramaku be anu ra sekolah..</u></u>	Orang tua subejek tidak pernah
40	<u>dadi ya ora kon sekolah, sing penting kerja</u>	sekolah. Perspektif informan
41	<u>ulih duit ra Peru sekolah..</u>	sekolah tidak penting, yang
42	<u>Due duit akeh go modal dadi juragan ya</u>	penting kerja mendapatkan uang
43	<u>uwes cukup ra perlu sekolah.</u>	
44	<b><u>Pengine dadi bakul iwak apa?</u></b>	
45	<u>Iya pengin bisa dadi bakul gede,, tapilah</u>	Impian informan ingin menjadi
46	<u>modale rung ana.. semoga ngemben tuane</u>	juragan
47	<u>bisa dadi juragan sing sukses kaya kaki</u>	
48	<u>kiman..</u>	
49	<b><u>Amin.. iya kae wong sangar yah juragan</u></b>	
50	<b><u>sukses..</u></b>	
51	Kae wong ya ora ana tandingane.. sangar	
52	dewek lah...	

53	<b>Nek wes sukses gari mbojo yah..?</b>	
54	Lahh mbojo si urung kepikiran.. mbojo ra	Informan belum memikirkan
55	mbojo ya pada bae bisa kelon.. maning siki	untuk menikah
56	golet wedonan gampang banget.. akeh	
57	kimcil..	
58	<b>Sehh deneng kimcil.. pacare akeh yah?</b>	
59	Ya ora akeh,, tapi ya gonta ganti.. mblenger	Informan sering ganti-ganti
60	ya putus. Wong siki sing penting duite akeh	pasangan lawan jenis
61	cah wedon lah merek kabeh..	
62	<b>Apa iya?</b>	
63	Siki ganteng ra penting mas.. sing penting	Uang adalah segalanya
64	duite akeh mesti wedonan pada gelem,..	
65	<b>Playboy lah yah critane..</b>	
66	Iya dadi playboy pesisir..hehehe	Sabjek lebih tertarik dengan
67	Garapane cah SMPan.. mung ditukokna es	lawan jenis usia SMP
68	karo tukokna jajan y awes gari dipacari wes	
69	kepenak,,hahaha	
70	<b>Hahahaha.. cah apa sih.?</b>	
71	<b>Umurmu sih pira siki?</b>	
72	18 tahun mas..	Informan berusia 18 tahun
73	<b>Ujarku wes ana 20..</b>	
74	Tua yah ketone,,	
75	<b>Ya ora.. mung dewasa.. hahaha</b>	
76	Ngenyek kue jenenge,, ngomong bae anu	
77	tua..	
78	<b>Ya ora lah..</b>	
79	Ireng sih lah dadi keton tua yah.. tapi ya	Informan menyadari perubahan
80	emang wes tua sih.. wes ra njaluk meng	fisik dan sudah mulai hidup
81	wong tua ya tua jenenge mbok..	mandiri.
82	<b>Iya wes bisa ngasil dewek.. ra kaya aku</b>	
83	<b>kaya kie urung bisa ngasil..</b>	
84	Lah nek ora kerja ya ora mangan mas.. apa	Informan mulai mengambil
85	maning aku wes gede.. adine ya pirang-	tanggung jawab dalam keluarga
86	pirang.. nek ra ngasil ya berat ora bisa tuku	
87	rokok..	
88	<b>Ya sing privatin ngumpulna sendik-</b>	
89	<b>sendik men bisa dadi juragan..</b>	Informan mulai memikirkan masa depan

90	<u>iya otewe nabung go masa depan..hehe</u>	
91	ep medang ora mas? tek pesenna	
92	senggawe,, aku nembe arep saur kie	
93	koh,,hehe	
94	<b>ora ngonoh dikepak bae.. aku wes saur mau..hehe</b>	
95		
96	lah iya ora bisa puasa koh,, kie engko ya	
97	gari muat maning,, wes rengah rengoh palah	
98	gari ngenteni prau mentas maning kie dela	
99	maning..	
100	<b>sripilane akeh ikih..</b>	
101	ya enakk bae lah... bose wes sugih ikih..	
102	<b>mbok ulih THRan arep bada kang bose?</b>	
103	Boro-boro THR.. THR kaya pegawe negeri	
104	bae..	
105	<b>Hahahaha.. mboklah ulih ThRan.,,</b>	
106	Kopong lah iya..	
107	<b>Mbok tekan sore tok nang kene..</b>	
108	<u>Ya ora,, kie nek wes mentas kabeh ya</u>	
109	<u>paling bedug wes rampungan,, gari</u>	
110	<u>nglebokna meng bakul-bakul ya gari bali..</u>	
111	<b>Ya dela maning rampung, gari tampa duit.</b>	
112		
113	<u>Ya iya sedela sih ora sedina med.. tapikan</u>	
114	<u>kesele temenan..</u>	
115	<b><u>Mbok kesel njaring..? wong nang laut panase pol..</u></b>	
116		
117	<u>Ya panas nang darat palahan mas.. nek nang</u>	
118	<u>laut si panase panas semilir angine.. dadi ra</u>	
119	<u>keton panas.. nek nang kene kan kesele</u>	
120	<u>temenan tapi ya kue asile nek pas beja ra</u>	
121	<u>ditonggoni bose ya mayar...</u>	
122	<b>Ya jenenge nyambet gawe ya nang ndi bae kesel..</b>	
123		
124	Ya iya, turu be kesel..	
125	<b>Kue nek sore gari ngapa nang umah..?</b>	
126	<u>Ya gari pacaran lah yah.. dolan-dolan tekan</u>	

127	<u>wengi karo bojone,,</u>	teman lawan jenisnya (nongkrong sampai malam, berjudi)
128	<b><u>Boojo-bojoan yah..</u></b>	
129	<u>Iya.. hehe</u>	
130	<b><u>Nongkrong tekan wengi apa biasane,,?</u></b>	
131	<u>Iya nang ngarepan karo batire gaplean apa</u>	
132	<u>gitaran..</u>	
133	<b><u>Ora melu ronda sih?</u></b>	
134	<u>Bebeh sih temen.. wong ronda kanggo</u>	Informan tidak mau mengikuti aktivitas masyarakat
135	<u>nggawe be ora..</u>	
136	<b><u>Ra kanggo nggawe kepriwe?</u></b>	
137	<u>Lah ronda mung ndopok karo kopian tok</u>	
138	<u>kaya kae.. tetep bae akeh maling.. tetep bae</u>	
139	<u>akeh sing kelangan mbok.. dadi percuma di</u>	
140	<u>rondani.. Mending tongkrongan si genah..</u>	
141	<b><u>Apa esih akeh maling sih?</u></b>	
142	<u>Kae wetanku be tes kelangan entog mau</u>	
143	<u>mbengi..</u>	
144	<b><u>Apa ra direangi sih tongkrongan tekan</u></b>	Informan merasa tidak ada yang berani menegurnya ketika sedang nongkrong dengan teman-temannya
145	<b><u>wengi nang tanggane?</u></b>	
146	<u>Sing arep ngomaih ya sapa?</u>	
147	<u>Pengin diamuk apa nek ngreangi?</u>	
148	<b><u>Pada jor-joran yah.?</u></b>	
149	<u>ya iya.. ngapa si ngurusi urusane wong,,</u>	
150	<u>urusu urusane dewek be urung becus..</u>	
151	<b><u>hahahha.. pernaeh mbok karang</u></b>	
152	<b><u>tarunane maju?</u></b>	
153	<u>Lahh maju urunane saben wulan.. mung</u>	
154	<u>sedela tok jalane.. tapi sue-sue ya macet..</u>	
155	<u>pada demenyar si..</u>	
156	<b><u>Apa iya..?</u></b>	
157	<u>Biasa wong ndesa kene mbok kya kue mas..</u>	
158	<b><u>Aku sue ra nang umah ya ora paham..</u></b>	
159	<b><u>akeh perubahan lah..</u></b>	
160	<u>Iya berubah dadi rusak ya mas..</u>	
161	<b><u>Ya kayane luh..</u></b>	
162	<u>Nah iya koh..</u>	
163	<b><u>Kae ana sing mentas maning apa</u></b>	

164	<b>pernaeh..?</b>	
165	Oiya kae nembe mlebu praune..	
166	<b>Ya nganah mbok arep kerja maning koe?</b>	
167	Gampang mengko mas..	
168	<b>Wes nganah.. rejeki kae loh..</b>	
169	Apa rapapa tek tinggal dipit mas..	
170	<b>Orapapa.. santé bae,, wes cukup ikih kie takone.. ngesuk apa engko gampang lanjut maning ya,,</b>	
171	Iya mas.. tenang bae nek arep takon-takon..	
172	Tek tinggal dipit ya mas..	
173	<b>Iya oke,,</b>	

### Verbatim Wawancara

Informan ke- : 7  
 Nama informan : ZB  
 Waktu wawancara : Sore Hari  
 Hari/ Tanggal : Minggu, 10 Juli 2016  
 Jam : 16.30 WIB  
 Lokasi : Warung (Tempat nongkrong informan)  
 Tujuan : Untuk mengetahui tugas perkembangan remaja yang dialami oleh informan.  
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur  
 Wawancara ke- : 1

#### **KODE: ZB-S7-W1**

No	Catatan Wawancara	Analisis gejala
1	<b>Pernaeh bahagia banget bro.. lagi ngapa?</b>	
2	<b>Mingguan apa?</b>	
3	Ya kie mbuang sebel puyeng mas,	
4	mingguan critane..	
5	<b>Puyeng mikirna apa si kue?</b>	
6	Ya mikirna sing kena dipikir.. ana apa mas?	
7	Jere pernaeh wingi koe aring umahku apa	
8	jere ramaku?	
9	<b>Iya wingi dolan.</b>	
10	Lah get-geti temen ora tau-taune dolan	
11	mengumahku..	
12	<b>Ya pengin dolan bae karo ketemu</b>	
13	<b>bapakmu.</b>	
14	Bisnis apa?	
15	<b>Ya dolan biasa..</b>	

16	Mboklah ana apa	
17	<b>Umurmu si pira?</b>	ZB berumur 19 tahun
18	<u>19 mas..</u>	ZB tidak mau melanjutkan sekolah
19	<b>Si kelas pira?</b>	
20	<u>Wes ora sekolah mas.. kur lulus SD terus</u>	
21	<u>ora nglanjutna maning..bebeh mikir. jane ya</u>	
22	<u>kone wong tua kon nglanjutna. Tapi aku</u>	
23	<u>sing bebeh</u>	
24	<b>Jan eman-emane.. tulih sekolah..</b>	
25	Lah sekolah bae ya ora top..	
26	<b>Koe anak kepira si?</b>	ZB anak bungsu dari 3 bersaudara
27	<u>Aku anak keri dewek..</u>	
28	<b>Oalah.. ya pantes bae.. tunggalmu pira?</b>	
29	<u>2..nek karo aku ya 3.. aku anak nomer 3..</u>	
30	<b>Wes mingguan ngendi bae.?</b>	
31	Kue miki dolan aring segara.. golet cewek..	
32	<b>Ulih ora kue ceweke?</b>	
33	Ya ora blas..jan boro-boro ana sing gelem..	
34	<b>Jere ramane pacarmu akeh lah.. jere wes</b>	
35	<b>gawani cewek ndina-ndina..</b>	
36	<u>Nek lagi nggawa berarti ya agi akeh duit,,</u>	ZB berkencan dengan perempuan saat mempunyai uang
37	<u>nek ora due duit ya kopong kaya kie ora due</u>	
38	<u>gadis.. ramaku anu crita apa bae si mas?</u>	
39	<b>Ya crita biasa..jere koe ceweke akeh, tp</b>	
40	<b>rung gelem dibojokna..</b>	
41	<u>Nek cewek ya ora due lah.. paling kimcil-</u>	ZB menganggap perempuan suka sama harta
42	<u>kimcil karo PL sing pada nemplok nek agi</u>	
43	<u>duite akeh.. nek lagi kopong ya minggat</u>	
44	<u>kabeh ra ana sing gelem merek.. anu pada</u>	
45	<u>kaya asu cewek siki pancen.. tapi ya enak</u>	
46	bae lah..ngarah nggo nglemesna keris..	
47	<b>Hahaha.. ngapa-ngapane..</b>	
48	<b>Nek pacar berarti ora due?</b>	
49	Ya blas,,	
50	<b>Jere dijodohna nang ramane ora gelem?</b>	
51	<b>Nah kue sing wes genah ana cewek</b>	
52	<b>digoletna be ora gelem..</b>	

53	<u>Mbojo si kepriwe.. wong uripe be esih mblangsak kaya kie.. mengko si kepriwe nek mbojo ra bisa ngempani..</u>	ZB belum berani menikah karena belum bisa menafkahi.
54	<b>Lah mbok wes ngasil..</b>	Pengeluaran lebih banyak dari pada penghasilan
55	<u>Lah ngasil sepira.. wong anu ulih sendik entonge lewih akeh.. sering utang palah..</u>	Setiap malam ZB mabuk (perilaku negatif informan)
56	<b>Lah deneng? Apa butueh akeh si?</b>	
57	<u>Ya akeh.. saben mbengine be mabok ya enak bae..</u>	
58	<b>Esih mabok bae ya..</b>	
59	<u>Ya jelas dong.. wong pemabuk ya ora mandek sedurung mati..</u>	
60	<b>Ya aja nemen-nemen bro,,</b>	
61	<b>Apa ora due tabungan si nggo agan mbojo..</b>	
62	<u>Ya blas.. wong due sendik mesti diasengi nang batire nggo mabok.. lah anu galo ya melu bae,, enak bae lah..</u>	ZB diajak mabuk oleh teman-temannya
63	<b>Apa ora eman-eman aring awake.. kaya kue wes gering loh..</b>	Perubahan fisik informan
64	<u>Lahh anu gering gawan lair.. sing penting kan sekti,kie otote mbok mlekinteng,, ya walaupun ireng banget kaya arjuna ireng.. hahaha</u>	
65	<b>Wes kaya cah gede ya..</b>	
66	<u>Ya wes ora kaya maning.. tapi emang wes tua kaya kie.. uwane be wes akeh kie..</u>	Penampilan ZB yang semakin tua
67	<b>apa wes uwanen si?</b>	
68	<u>Ya lumayan ana..</u>	
69	<b>Wong ra keton ikih..</b>	
70	<u>Ya aja di ileng-ileng mas..ngapa-ngapane..</u>	
71	<b>Ya emen wong uwan ikih..</b>	
72	<b>Ora mangkat njaring apa?</b>	
73	<u>Minggu ya pengin prei..pengin mingguan..</u>	ZB mencari ikan ikut ayahnya ketika sudah tidak mempunyai uang
74	<u>Mau ya jane disengi nang ramane kon melu njaring.. tapi agi mandan bebeh koh..</u>	
75	<u>Ngesuk ya paling mangkat njaring.. wes ra</u>	

90	<u>due duit kaya kie si..</u>	
91	<b>Apa ora domaih nang ramane nek ra melu njaring..?</b>	ZB berani menentang orang tuanya.
92	<u>Ya ora lah,, ngapa sih ngomaih,, wani-wanine ngomaih aku pengin tak untal balik apa? Wong bara-baru aku be ora tau njaluk duit, ora tau diurus, koh arep wani-wanine ngomaih.. ya ora tek gubris blas..</u>	ZB merasa tidak di perhatikan oleh orang tuanya
93		
94		
95		
96		
97		
98	<b>Lahh anu koene sing mbesil kon.. jejel nek manut.. ya mesti diurus..</b>	ZB menganggap perilaku negatifnya karena dampak dari pola asuh orang tuanya yang kurang perhatian
99	<u>Aku mbesil lah mergane ora diurus.. nek diurus ya ora mbesil palingan,, wong sibuk njaring terus, ya ora mikirna anak-anake.. ora tau ngurusi anake... mulane anake wani meng ramane..</u>	
100		
101		
102		
103		
104		
105	<b>Apa ra wedi kualat si?</b>	ZB melakukan perilaku negatif menggunakan uangnya sendiri/tidak pernah meminta kepada orang tuanya.
106	<u>Ora ana kualate nek nglawan wong tua kaya kae,, kualat tulih nek ramane gulih ngajari bener.. Wong tau ngurusi ya ora..</u>	
107		
108		
109	<u>Wong aku dadi anak mbarang bisa njaring dewek be ora tau ngrepoti njaluk duit meng ramane blas.. aku jajan, aku foya-foya ya nganggu duite dewek.,</u>	
110		
111		
112		
113	<b>Si ngapa bae foya-foyan?</b>	Perilaku negatif ZB (mabuk, nongkrong,karaoke, dll)
114	<u>Ya hiburan malam lah mas.. mabok, nongkrong, karokean, ya pokoke sing gawe heppy lah,, sing penting nganggo duite dewek ra njaluk wong tua.</u>	
115		
116		
117		
118	<b>Tapikan tetep hormat aring wong tua mbokan,,</b>	ZB tidak menghormati orang tuanya
119	<u>Lah wong tua kaya kae si go ngapa dihormati..</u>	
120		
121		
122	<b>si ramamu ngerti nek tukang kya kue ora?</b>	Orang tua mengetahui perilaku negatif ZB dan menganggap perilaku tersebut wajar terjadi di
123		
124	<u>Ya ngerti.. tapikan ora tau diluruih.. wes rumangsa paling.. wong bocah enom nakal yaw ajar mbok.. apa maning bocahan kene</u>	
125		
126		

127	<u>anu ora ana sing manut..</u>	lingkungan nelayan
128	<b>Iya sih,, wong kenean lah emang pada kaya kue..</b>	
129		Perilaku negatif di lingkungan nelayan dari tua sampai muda
130	<u>Nah iya mas. Nek bocahan kene lah juara banget lah pokoke nek masalah rusuh</u>	
131	<u>mabok, pokoke sing masalah elek-elek kue</u>	
132	<u>bocahan kene juarane... anu hawane sing</u>	
133	<u>panas apa kepriwe mbuh.. kang tua tekan</u>	
134	<u>bocah ya pada bae kabeh..</u>	
135		
136	<b>Apa ra ana kegiatan pemuda si men lewih apik?</b>	
137		
138	<u>Ya ana mas, tapi lah sing melu paling wong tuaan.. bocah enom masa gelem melua..</u>	
139	<u>sing melu ya paling wong tua-tua..</u>	
140		
141	<b>Nah bocahan pada ra melu apa?</b>	
142	<u>Ya ora ana mas,,</u>	
143	<b>Lah koe melu ora?</b>	
144	<u>Lah bebeh temen melu-melu kaya kue.. ora</u>	ZB tidak mau mengikuti kegiatan yang bersifat positif
145	<u>ana manfaate,,</u>	
146	<b>Nek kaya kue ya jelas ana manfaate lah bro.. manfaate nggo masa depan mbok bisa lewih apik,,</b>	
147		
148		
149	<u>Ya blas ra ana manfaate caraku.. mbuang</u>	ZB memilih istirahat dan mencari ikan dari pada mengikuti kegiatan masyarakat
150	<u>mbuang waktu tok.. mending karokean apa</u>	
151	<u>mangkat njaring si genah..</u>	
152	<b>Hualah.. cah apa sih,</b>	
153	<b>Apa mengarepe ngemben tua arep kaya kue bae si?</b>	
154		
155	<u>Ya berubah ngemben nek wes tua.. siki esih</u>	
156	<u>enom ya menikmati masa muda lah,, aja</u>	
157	<u>mikir angel-angel, sing penting hepi.. hehe</u>	
158	<b>Apa ra pengin due celengan go masa depan? wes due rencana urung nggo masa tua..</b>	
159		
160		
161	<u>Ya pengin.. wong jenengan urip kepenak</u>	ZB belum memiliki pandangan terhadap masa depannya
162	<u>nang masa tua ya jelas kepengin,, tapilah</u>	
163	<u>urung kepikiran arep kepriwe embuh</u>	

164	<u>ngembene koh..</u>
165	<u>Ya engko tulih ana dalane lah.. hahaa</u>
166	<b>Nek dalane menceng-menceng kepriwe.</b>
167	Ya nggolet dalan dewek.. nggolet dalam
168	bayi bae sing enak.. haha
169	<b>Huuu.. ngapa-ngapane,,,</b>
170	<b>Weslah,, balik bae yuh,, wes arep maghrib kie..</b>
171	
172	Nganah rika balik dipit bae.. aku esih betah..
173	
174	<b>Apa ora arep maghriban si?</b>
175	Ngnah nitip koe bae mas..
176	<b>Bocah apa si..</b>
177	<b>Ayuh maghriban palah...</b>
178	Lagi sibuk lah mas.. arep mendeng kie..
179	<b>Arep pada mabok apa?</b>
180	Ya jelas,,
181	<b>Ya uwes lah aku tek bali...</b>
182	Ya ati-atи mas

### **Verbatim Wawancara**

Informan ke- : Alloanamnesa 1  
 Nama informan : FA (Ayah AF)  
 Waktu wawancara : Siang Hari  
 Hari/ Tanggal : Minggu, 17 Juli 2016  
 Jam : 13.00 WIB  
 Lokasi : Rumah Informan  
 Tujuan : Untuk mengetahui tugas perkembangan remaja yang dialami oleh informan  
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur  
 Wawancara ke- : 1

#### **KODE: FA-SOI-W1**

No	Catatan Wawancara	Analisis gejala
1	Monggo mas..	
2	<b>Enggih pak.. nuwun sewu niki palah ngganggu sekedap..</b>	
4	Ya ora papa..kepriwe anu ana apa?	
5	<b>Nika pak kulo ajeng tanglet-tanglet tentang AF..</b>	
7	Nangapa maning kae bocah.. gawe masalah apa mas?	
9	<b>Mboten pak,, mboten pripun-pripun..</b>	
10	Mboklah anu ana masalah karo koe.. wong	
11	kae bocah sering banget gawe masalah..	
12	<b>Mboten pak.. kulo ajeng pengin ngertos mawon tentang AF.. emang AF sering ontен masalah nopo pak..</b>	
13		
14		
15	<u>Kae bocah ya sering kena masalah gelutan</u>	AF sering terlibat masalah

16	<u>karo reang-reang palingan mas.. biasa nang prapatan sering reang bocah-bocah.. ya kae grombolane AF..</u>	perkelahian
17		
18		
19	<b>Nopo AF sering niku pak?</b>	
20	Ya biasa bocah enoman kene ya rata-rata	
21	kaya kue mas.. sending-sending pada	
22	gelutan..	
23	<b>Niku masalaeh nopo nggih pak kok sering kados niku..</b>	
24		
25	Lah paling ya biasa pada mabok ora kontrol..	
26	<b>Nopo pada mbok pak..</b>	
27	<u>Bocah siki ya anu pada doyan mabok kabeh.. bocahan kenean lah ora gumun nek pada mbajug-mrajug mas.. ya ana siji loro sing manut, tapi ya jarang-jarang..</u>	Sebagian para remaja di lingkungan Nelayan berperilaku negatif (minum-minuman keras)
28		
29		
30		
31	<b>Ohh.. nopo sebagian besar rata-rata kados niku pak..?</b>	
32		
33	<u>ya hampir kabehan mas.. mending si nek sing pada gelem ngrewangi nyambet gawe.. lah kae anaku blas ra gelem ngewangi nyambet gawe mbuh kepriwe.. pegaweane ya njaluki duit aring rama beyunge nggo dolan.. nek ora ulih gari ngamuk, nek domaih ya palah nyepelknar aring wong tua ora gelem ngrungokna palah ngiwi-iwi terus lunga..</u>	AF tidak mau bekerja membantu orang tuanya
34		
35		
36		
37		
38		
39		
40		
41	<b>mpun gede nggih pak dadi wani kalih wong tua..</b>	AF hanya meminta uang kepada orang tuanya untuk berfoya-foya
42		
43	<u>iya mbuh kae.. jan wani banget meng wong tua.. ujarku ya aku ora tau sing kepriwe-kepriwe meng anak, tapi nek diomongi ya mbawali terus.. tapi ya ora gumun si aring bocah siki..</u>	AF selalu menentang orang tua ketika dinasehati
44		
45		
46		
47		
48	<b>mboten gumun pripun pak maksude.?</b>	
49	<u>Ya ora gumun aring bocah siki nek mbesil, soale lah campure karo bocahan mbradul kabeh ra ana sing bener.. kegawa batir si mas,, batire ya anu mbesil-mbesil ya melu</u>	FA tidak heran dengan perilaku negatif para remaja, karena pengaruh teman-temannya
50		
51		
52		

53	pada bae mbesil.	
54	<b>Lingkungane sing keras nopo nggih pak..</b>	Lingkungan dan kepribadian yang keras mempengaruhi perilaku negatif para remaja
55	Iya anu wong kenean lah pada kaya kue kabeh.. pada atos-atos, ya lingkungane sing	
56	maraih jane.. tapi ya kabeh mau juga kang	
57	bocaeh dewek si.. tergantung bocaeh	
58	kepriwe.. nek dasar manut ya ora kegawa	
59	lingkungan lah.. kae anaku anu dasare nakal	
60	ya dadine nakal..	
61		
62	<b>Nopo mboten disekolahke pak?</b>	AF tidak mau bersekolah, AF hanya bermain-main dengan teman-temannya
63	kae bocah uteke wes jendel.. ora gelem nek	
64	kon mikir sing bener.. ora kurang-kurang	
65	gulih mrentaih sekolah mas.. sekolah ya metu	
66	nang SMP.. wes bebeh mikir, senenge dolan-	
67	dolan tok karo batire.. saben ndinane njaluki	
68	duit nggo mabok, nek ra ulih ya ngamuk..	
69	<b>kados niku nggih pak..</b>	
70	lah kaya kue mas anane,, ya karo diomongi	
71	nganah mas nek ketemu.. kon sing mandan	
72	mikir mengarep.. wong mengko-mengkone	
73	ya arep nganggo, arep ngrasakna dadi wong	
74	tua.. ya mudah-mudahan ora diterus-terusna	
75	gulih mbesil..	
76	<b>nggih amin pak..</b>	
77	<b>nek dolan niku sampe jam pinten emange pak?</b>	AF bermain tidak ingat waktu
78	Ya ora nganggo jam kae bocaah,, sedina tutug	
79	sedina sampe ngesuke maning si gelem..	
80		
81	<b>Mboten diparani ken wangsl nopo pak?</b>	Orang tua sudah tidak mau menasehati anaknya
82	Ora arep marani bocaah kae.. bali ya ngonoh	
83	ora ya ngonoh.. wong kandakna nek	
84	diomongi lah wes ra kena mas.. ya emen	
85	jorna bae,,	
86	<b>Oohhh..</b>	
87	<b>Sampun pacaran dereng niku pak?</b>	AF sering bergonta-ganti pacar
88	Ya wes gonta ganti pacar palingan.. wong	
89	sering mboncengna cewek beda-beda..	

90	<b>Nopo sering diajak teng umah pak?</b>	
91	Ora.. tapi kan aku sering weruh nek agi mboncengna.. tp ya tek jorna bae ora tau tek luruih.. men karep-karepe kae..	
92		
93		
94	<b>Oalah... harapane njenengan kangge AF nopo pak?</b>	
95		
96	<u>Ya kon cepet mikir bae sing dewasa, bisa mbantu wong tua, Mudah-mudahan ya bisa kepenak uripe ngemben nggo masa depane sing kepenak..</u>	Harapan orang tua terhadap AF agar kelak bisa sukses
97		
98		
99		
100	<b>Amin pak..</b>	
101	Jenenge wong tua kan mung bisa ndongakna men anak-anake pada sukses ra kaya wong tuane,,	
102		
103		
104	<b>Nggih sampun pak..mbok ajeng mangkat njaring.. matur nuwun sanget niki pak sampun..</b>	
105		
106		
107	Ya pada-pada..	

### **Verbatim Wawancara**

Informan ke- : Alloanamnesa 2  
 Nama informan : WD (Ayah BG)  
 Waktu wawancara : Sore Hari  
 Hari/ Tanggal : Senin, 18 Juli 2016 2016  
 Jam : 15.30 WIB  
 Lokasi : Rumah Informan  
 Tujuan : Untuk mengetahui tugas perkembangan remaja yang dialami oleh informan  
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur  
 Wawancara ke- : 1

#### **KODE: WD-SO2-W1**

No	Catatan Wawancara	Analisis gejala
1	<b>Assalamualaikum pak..</b>	
2	Waalaikumsalam..	
3	<b>Langsung mawon nggih pak.. niki kulo bade ngganggo waktune njenengan sekedap..</b>	
4	Ya ora apa-apa.. lagi nganggur ikih.. ana apa?	
5	<b>Niki ajeng tanglet tentang BG..</b>	
6	BG pripun?	
7	<b>Nggih mboten pripun-pripun pak.. pengin ngertos mawon tentang BG..</b>	
8	Ya monggo,,	
9	<b>BG seg teng pundi?</b>	
10	Agi turu kae pernaeh.. mau awan nembe bali njaring si..	
11		
12		
13		
14		
15		

16	<b>Oh.. lagi keselen nggih,</b>	
17	Iya..	
18	<b>Rajin njaring nopo niku..</b>	
19	<u>Iya kae bocah ya sregep nek kon nyambet</u>	
20	<u>gawe.. nek kon kerja ya mangkat terus..</u>	
21	<u>soale lagi nabung terus si..</u>	
22	<b>Nggih syukur pak mboten kaya batir-batir..</b>	
23		
24	Iya nek bocahan liya ya pada angel nek kon	
25	nyambet gawe..	
26	<b>Mboten sering dolan nopo BG niku?</b>	
27	<u>Ya ana wektune,, nek lagi dolan ya dolan</u>	
28	<u>sedina tutug sedina.. tapi ya pas nek ora</u>	
29	<u>mangkat njaring..</u>	
30	<b>Nggih wajar pak wong bujang..</b>	
31	Bujangku lah kaya kue koh..	
32	<u>Wes gelem ngasil dewek ora njaluki duit ya</u>	
33	<u>mending.. gelem temua..</u>	
34	<b>Pun ontен cita-cita mungkin pak..</b>	
35	<u>Iya pernah kae pengin mranto.. tapi jere</u>	
36	<u>urung wani mranto.. anu esih wedian si.. ya</u>	
37	<u>paling kon usaha bae..</u>	
38	<b>Nggih apik niku pak.. mboten kangge foya-foya duite..</b>	
39		
40	<u>Nek agi angot ya ngaeng temen.. nek dolan</u>	
41	<u>ya sewengi nutug nang karokean karo</u>	
42	<u>cewek-cewek.. mengko balike wes mabok..</u>	
43	<b>Nopo biasa mabok pak..</b>	
44	<u>Lahh wong bujang ya mabok ya emen</u>	
45	<u>wajar,, wong bocahan kene anu pada kaya</u>	
46	<u>kue kabeh... tapi ya mending nek mabok</u>	
47	<u>ora nemen-nemen...</u>	
48	<b>Nopo mboten di omaih pak nek mabok..</b>	
49	<u>Lah wes gede domaih bae si kepriwe.. ya</u>	
50	<u>emen.. wes gede ikih, wes bisa ngasil..</u>	
51	<u>emen karepe bocaeh.. sing penting</u>	
52	<u>bertanggung jawab dadi wong lanang..nek</u>	

53	<u>urung bisa ngasil lah tek omaih nek doyan mabok..</u>	
54		
55	<b>Mpun bebas nggih pak ajeng nopo mawon..</b>	
56		
57	Iya. Wes bujang ikih..	
58	<b>Putrane pinten njenengan si pak?</b>	
59	Due 3 mas..	
60	<b>BG manut nggih pak..</b>	
61	Ya manut nek ora direangi.. nek direangi ya mesti reang..	
62		
63	<b>Mpun nyuwun mbojo dereng pak?</b>	
64	Urung pernaeh.. wong jere arep seriusan karo bocah kae wetan.,	
65		
66	<b>Nopo ngertos pacare BG pak?</b>	
67	<u>Ya ngerti.. wong sering digawani bali.. ya awes kaya anake dewek..</u>	WD mengetahui jika BG mempunyai pacar
68		
69	<b>Mbok dibojokna mawon pak..</b>	
70	<u>Urung gelem koh.. jere urung bandel mbojo.. urung due modal nggo mbojo.. ya syukur dadi wes gelem mikir butuh jenenge.. wes arep dadi wong tua y awes mikir butuh..</u>	BG belum siap menikah
71		
72		
73		
74		
75	<b>Ohh.... Tesih enom ikih nggih pak..</b>	
76	Iya.. esih enom ikih urung tua..	
77	<u>wong nek kon kumpul rapat apa kon melu kegiatan desa be urung wani.. esih isinan..</u>	BG tidak mau mengikuti kegiatan kemasyarakatan
78		
79	<u>ya jawabane bebeh bae nek diprentah.. kon mangkat kepungan be ora gelem bae kae koh..</u>	
80		
81		
82	<b>tesih minder nggih pak..</b>	
83	iya.. bocahan kene lah pada minder-minder koh.. ra ana sing bandel..	
84		
85	bandele nek kon pada gelut karo mabok..	
86	<b>nopo sering gelutan pak..</b>	
87	<u>ya langganan gelut nek wong kenean mas...</u>	Perilaku lingkungan yang negatif
88	<u>kae bujangku nek ana gelut-gelut ya mangkat gasik dewek.. tapi ya syukure</u>	
89		

90 91 92 93 94 95 96 97 98 99 100 101 102 103 104 105 106 107 108 109 110 111 112 113 114 115 116 117 118	<p>sering njaring dadi ra nemen-nemen banget..</p> <p><b>nggih kadose wong bocah enom pak..</b></p> <p><b>Niku BG mboten nglanjutanken sekolaeh nopo pak?</b></p> <p><u>Tamat SMP tok.. mbiyen pas esih sekolah kon nglanjutna sekolah lah ora gelem.. jere ora penting sekolah duwur-duwur.. sing penting njaring nggolet duit...</u></p> <p>Ya kebeneran, wong agi langka-langka duite kaya kie ya mending nek ora njaluk sekolah..</p> <p><b>Nggih ontен lah pak nek kangge sekolah..</b></p> <p>Ora ana a,, wong sing jenenge wong tua dijaluki nang anak apa maning nggo sekolah ya tetep di anak-anakna,, tapilah ndilalah ora njaluk, ya kebeneran ora patia mikirna butuh nggo sekolah...</p> <p><b>Harapane njenengan kangge BG ngenjang nek sampun gede nopo pak?</b></p> <p><u>Ya jenenge wong tua ya semoga dadi anak sing sukses, bisa nyukupi wong tuane nek wes ora bisa nggolet.. ya bisa nggo tunutan nang wong tua.. amin</u></p> <p><b>Amin pak..</b></p> <p><b>Nggih sampun pak,, mbok ajeng dilanjut malih kesibukane... matur nuwun nggih pak..</b></p> <p>Ya pada-pada mas..</p>	<p>BG menganggap sekolah tidaklah penting.</p> <p>Kondisi sosial ekonomi keluarga menengah kebawah</p> <p>Harapan WD terhadap BG</p>

### Verbatim Wawancara

Informan ke- : Alloanamnesa 3  
 Nama informan : RK (Ayah CR)  
 Waktu wawancara : Siang Hari  
 Hari/ Tanggal : Rabu, 20 Juli 2016  
 Jam : 13.30 WIB  
 Lokasi : Rumah Informan  
 Tujuan : Untuk mengetahui tugas perkembangan remaja yang dialami oleh informan  
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur  
 Wawancara ke- : 1

#### **KODE: RK-SO3-W1**

No	Catatan Wawancara	Analisis gejala
1	<b>Lagi nyante nopo pak?</b>	
2	Kie bar adus lagi liren..	
3	<b>Kulo ngganggu sekedap waktune nggih pak..</b>	
4		
5	Ya monggo.. santé bae mas..	
6	<b>nggih sekedap tok pak.. pengin tanglet-tanglet tentang CR..</b>	
7		
8	ya monggo..	
9	<b>CR seg teng pundi nggih pak..</b>	
10	<u>Agi njaring kayane mangkat mau esuk pernaeh...</u>	CR sedang mencari ikan di laut
11		
12	<b>Ohh.. nopo mboteng sareng kalih njenengan?</b>	
13		
14	Ora.. mangkate dewek-dewek.. nek mangkat bareng kae ora gelem si..	
15		

16 17 18 19 20 21 22 23 24 25 26 27 28 29 30 31 32 33 34 35 36 37 38 39 40 41 42 43 44 45 46 47 48 49 50 51 52	<p><b>Deneng mboten purun bareng pak?</b></p> <p>nek bareng mbok ora dinei bagean si.. nek dewekan kan asile nang kae kabeh..</p> <p><b>nggih sampun mandiri nggih pak.. mboten nyuwuni arto malih..</b></p> <p><u>iya wes temua.. ora tau njaluki duit.. wong due duit dewek kon njaluki bae... salaeh milih ora sekolah, ya emen kon kerja nggolet duit dewek.. nek esih sekolah ya ora isin nek njaluk..</u></p> <p><b>mbok CR sekolah pak..</b></p> <p><u>sekolah kur tamat SMP tok.. kon lanjut maning lah ora gelem.. jere pengin njaring bae sing ora mikir.. ya ngonoh wong wes dadi pilihane..</u></p> <p><b>nggih mpun dewasa jenenge pak.. wong mikire sampun ngode mawon..</b></p> <p><u>nek gede tah iya.. tapi pikirane kadang-kadang esih kaya bocah..</u></p> <p><u>kae njaring tulih mung nggo seneng-seneng tok nek ulih duit.. mikire nggo dolan tok karo batir-batre karo mabok miring-miring nang pinggir ndalan kaya kae.. nek dolan ya sedina tutug sedina..</u></p> <p><b>nggih kajenge pak wong tesih enom nggih dolan..</b></p> <p><u>kae si batir-batre sing ngampiri bae.. jane nek ora diampiri ya ora dolan.. nek dolan ora imut wektu.. ora imut nek nggolet duite kesel mbokan.. nek due duit ya nggo dolan-dolan tok nukoni rokok karo inuman..</u></p> <p><b>berarti batire sing ngasensi nggih pak?</b></p> <p><u>Nah iya.. bocah kenean lah pad akaya kue kabeh.. mbajug-mbjajug..</u></p> <p><b>nggih mboten kabeh mbok pak..</b></p> <p><u>ya akeh sing mbajug-mbjajug</u></p> <p><b>nopo mboten diomongi pak</b></p>	<p>CR sudah mandiri</p> <p>CR tidak mau melanjutkan sekolah</p> <p>CR sekolah sampai tamat SMP</p> <p>Uang hasil mencari ikan, CR habiskan untuk bermain dan berfoya-foya</p> <p>Teman-teman CR yang mengajak CR berperilaku negatif</p> <p>Para remaja di lingkungan nelayan pada nakal</p>
--	---	--

53	wes gede kon diomongi bae.. ya wes bebeh..	RK tidak mau menasehati CR
54	emen jorna bae karepe.. sing penting gelem	
55	golet duit dewek ikih..	
56	<b>nggih bojokanken mawon pak..</b>	
57	urung gelem mbojo koh.. urung siap jerene..	CR belum siap menikah karena
58	urung siap ngempani anak bojo palingan..	masih memikirkan kesenangan
59	wong bocah urung bisa temua, esih katut	sebagai remaja
60	batir,, esih seneng dolan-dolan ya urung	
61	gelem nek kon mbojo..	
62	wong nek kon makili aku kepungan be ora	
63	gelem.. jere isin.. tapi nek kon gelutan karo	
64	dolan nang pinggir ndalan ya ora denger	
65	ngisin..	
66	<b>pun gadah cewek nggih pak?</b>	
67	Pernaeh tah uwes.. sering disengi ngeneh si	
68	pacare..	
69	<b>Nek kalih njenengan nek diomongi tesih</b>	
70	<b>manut nopo mboten pak?</b>	
71	Ya manut ora manut.. nek maslaah dolan ya	
72	ora kena diomongi.. aku y awes bebeh	
73	ngomongi..	
74	<b>Oh.. mpun gede ikih nggih pak..</b>	
75	Iya wes gede ikih..mengko tulih ngerti sing	
76	apike nggo awake dewek..	
77	<b>Harapan kangge CR nopo pak?</b>	
78	Y a sing sukses bae ngejar cita-citane. Nek	Harapan RK terhadap CR
79	ulih bojo ya semoga sing eman meng wong	
80	tua bisa ngrumati tekan tua..	
81	<b>nggih sampun pak.. ngenjang gampil</b>	
82	<b>kulo dolan mriki malih.. monggo dilanjut</b>	
83	<b>istirahate pak..</b>	
84	mbok arep dolan-dolan dipit..	
85	<b>nggih ngenjang malih pak nek CR teng</b>	
86	<b>nggriyo..</b>	
87	<b>pareng pak..</b>	
88	monggo..	

### **Verbatim Wawancara**

Informan ke- : Alloanamnesa 4  
 Nama informan : LM (Ayah DK)  
 Waktu wawancara : Sore Hari  
 Hari/ Tanggal : Sabtu, 23 Juli 2016  
 Jam : 16.00 WIB  
 Lokasi : Rumah Informan  
 Tujuan : Untuk mengetahui tugas perkembangan remaja yang dialami oleh informan  
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur  
 Wawancara ke- : 1

#### **KODE: LM-SO4-W1**

No	Catatan Wawancara	Analisis gejala
1	<b>Assalamualaikum pak..</b>	
2	Waalaikumsalam..	
3	<b>Niki pak kulo mriki onten keperluan</b>	
4	<b>kalih njenengan.. kulo ajeng tanglet-</b>	
5	<b>tanglet tentang DK..</b>	
6	Duh.. DK ya nang umaeh mertuane mas,	
7	ora nang kene.. apa tek telfone kon ngeneh..	
8	<b>Mboten usah pak.. kalih njenengan</b>	
9	<b>mawon.. wingi sampun ketemu DK,..</b>	
10	Dadi ana perlu karo aku.. ya kepriwe ana	
11	apa?	
12	<b>Nggih kalih njenengan pak.. nggih</b>	
13	<b>mboten ontен nopo-nopo.. ajeng tanglet2</b>	
14	<b>mawon tentang DK..</b>	
15	Apa sing arep ditakokna..pernaeh kaya	

16	penting banget..	
17	<b>Nggih santé mawon kok pak.. mung pengin takon tentang DK mawon..</b>	
18	Ya ngonoh rapapa..	
19	<b>Langsung mawon nggih pak..</b>	
20	<b>DK niku si pripun pak bocaeh..</b>	
21	Lah kepriwe si..?	
22	<b>Tesih nakal mboten pak..</b>	
23	<u>Ohh... nek nakal kaya mbiyen tah wes ora..</u>	DK nakal di masa lalu dan sekarang sudah tidak
24	<u>mbarang mbojo wes ora tau inum-inuman</u>	
25	<u>pernaeh.. wes ra tau klayaban ra genah kaya</u>	
26	<u>maune..</u>	
27	<b>Alhamdulillah nggih pak sampun maren..</b>	
28	<u>Iya pernaeh wes mari nakal.. seplok due bojo siki wes ora tau werna-werna.. wis</u>	DK nakal ketika sebelum menikah
29	<u>mikir butuh mbokan.. mikir ngempani anak bojo.. karo mbok ditiru anake mbokan..</u>	
30	<b>Sampun nyambut damel nggih pak..</b>	
31	Ya iya.. nek ra gelem nyambet gawe si kepriwe gulih ngempani anak bojo..	
32	<b>Nggih jenenge sampun mikir tua nggih pak..</b>	
33	<u>Iya wis mikir dadi wong tua.. pernaeh</u>	DK mau bekerja dengan rajin
34	<u>sregep nyambet gawene.. ndina-ndina</u>	
35	<u>mangkat njaring pernaeh.. sregep siki..</u>	
36	<b>Nggih mikir kangee masa depan anak bojo mbokan nggih pak..</b>	
37	Kudune tah mikir... wong mbiyen wis tau	
38	nakal ikih wis mblenger dadi wong nakal,	
39	siki ya blajar dadi wong tua..	
40	<b>mbiyen nakale pripun emange pak..</b>	Perilaku negatif DK di masa lalu
41	<u>Mbiyen ya ora karuan nakale.. ya gelutan,</u>	(mabuk, karaoke)
42	<u>tawuran nek due duit ya nggo mabok karo</u>	
43	<u>nggo karokean.. pokoke ora lumrah boca..</u>	
44	<u>nek siki ya pernaeh wes ora.. wis mikir isin</u>	
45	<u>dadi wong tua mbokan..</u>	

53	<b>Niku nakal kados niku anu emang dasare nakal nopo pripun pak..</b>	
54	<u>Jane ya pas jamane esih cilik ya tukang ngaji, ora tau dolan, ora tau aneh-aneh lah..</u> <u>tapi mbasa SMP wes kawor karo batir-batir sing mbradul-mbradul ya mbesile ora karuan.. kegawa batir sing nakal-nakal si..</u> <u>bocah kenean lah anu nakal-nakal banget mas.. ket jaman mbiyen nek masalah mabok apa nggento nang kene wes wajar mas.. dadi ora gumun aring wong nakal nek nang kene..</u> <b>ohh.. nopo mboten diomongi teng njenengan..</b>	Pengaruh teman sebaya dan lingkungan menjadikan DK berperilaku negatif
55	<u>ya ora kurang-kurang gulih ngomongi nganti bebeh dewek nek ngomongi.. tapilah bocaeh wes katut batir ya angel..</u>	DK terpengaruh oleh teman-temannya walaupun sudah dinasihati
56	<b>pergaulane kados niku si nggih pak..</b>	Usaha LM menasihati DK
57	<u>ya iya.. dadi wong tua ya ora ina gulih ngomongi ya ora tau mandeg.. tapi lah angel bocaeh.. tapi ya syukur bisa mareni mbarang mbojo.. mbarang mbojo blas ra tau nakal pernaeh..</u>	
58	<b>ohh...</b>	
59	<u>nah kae mbok mbojone gara-gara metengi anake wong.. wong saking mbesile..</u>	Hamil di luar nikah merupakan salah satu perilaku negative DK
60	<b>berarti meteng riyin niku nggih pak..</b>	
61	<u>iya.. kae maune kan ora ulih pacaran nang mertuane.. tapi ya kue palah dadi metenge..</u> <u>ya anu wes jodone ya dipisahna kaya ngapa ya tetep bae ketemu..</u>	
62	<b>enggih pak.. jenenge jodoh lah kados niku..</b>	
63	<u>nah iya koh..</u>	
64	<b>mbiyen kalih njenengan termasuke niku wani mboten pak.. nopo manut nek diomongi teng njenengan..</b>	

90	<u>nek diomongi ya ora gelem kae bocah mas..</u>	LM tidak mau menasihati DK
91	<u>angel nek diomongi.. mulane tek jorna bae,,</u>	
92	<u>ora arep ngomongi wong angel..</u>	
93	<b>mpun gede si pak.. nggih sampun due tanggung jawabe dewek..</b>	
94	ya iya kudu tanggung jawab wong dadi cah lanang ya kudu tanggung jawab..	
95	<b>sampun bojoan nggih sampun dewasa nggih pak..</b>	
96	<u>lahh.. dewasa tah kayane urung.. wong esih isinan mas nek ketemu wong tuaan..</u>	DK belum mau mengikuti kegiatan masyarakat
97	<u>nganah kon mangkat kumpulan apa ketemu wong-wong tua.. mesti ora gelem.. mesti isinan..</u>	
98	<b>nopo nggih pak..</b>	
99	nah iya koh.. wong wes dadi wong tua koh tapi esih isinan kaya kae,,	
100	<b>nggih wajar pak.. perlu belajar dadi wong tua.. hehe</b>	
101	<u>iya esih minderan banget koh..</u>	Harapan LM kepada DK
102	<u>ya semoga bisa sukses lah gulih dadi wong tua.. bisa kepenak rejekine..</u>	
103	<b>amin pak..</b>	
104	<b>nngih sampun pak.. pareng riyin nggih..</b>	
105	<b>sampun sonten niki.. matur nuwun</b>	
106	<b>sanget nggih pak sampun purun direpoti..</b>	
107	ya pada-pada mas.. wong agi critaan be gugup-gugup arep bali..	
108	<b>gampil ngenjang-ngenjang malig mriki pak.. sampun sonten koh..</b>	
109	<b>pareng pak..</b>	
110	ya ati-ati mas..	

### Verbatim Wawancara

Informan ke- : Alloanamnesa 5  
 Nama informan : PK (Ibu ER)  
 Waktu wawancara : Siang Hari  
 Hari/ Tanggal : Senin, 25 Juli 2016  
 Jam : 14.00 WIB  
 Lokasi : Rumah Informan  
 Tujuan : Untuk mengetahui tugas perkembangan remaja yang dialami oleh informan  
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur  
 Wawancara ke- : 1

#### **KODE: PK-SO5-W1**

No	Catatan Wawancara	Analisis gejala
1	<b>Assalamualaikum bu..</b>	
2	Waalaikumsalam..	
3	<b>Bapake ontен bu..?</b>	
4	Agi njaring je mas.. kepriwe si? Ana perlu apa, mengko tek sampekna nek bali..	
6	<b>Nggih mboten penting banget bu.. nggih kalih njenengan mawon mboten nopo-nopo..</b>	
9	Anu ana apa si mas?	
10	<b>Nggih dolan biasa bu.. niki kalih ajeng tanglet2 tentang ER..</b>	
12	Kepriwe si..? nangapa kae bocah..	
13	<b>Mboten nopo-nopo bu.. ER kan dadi informan penelitian kulo, nggih pengin ngertos tentang ER niku pripun nek</b>	
15		

16	<b>menurut njenengan..</b>	
17	Kepriwe sing kepriwe si anu?	
18	<b>Niku ER pun mandiri nggih bu.. pun ngasil..</b>	
19		ER berprofesi sebagai seorang nelayan
20	<u>Ya kaya kae pegaweane mas,mung njaring tok..</u> nggolet duit dewek. Ora tau njaluki	
21	<u>meng wong tua syukure..</u> wes bisa golet duit dewek..	
22		
23		
24	<b>Nggih sae niku bu,, nek njaring ulieh akeh apa bu?</b>	
25		PK tidak mengetahui pendapatan ER
26	<u>Ora tau ngerti ulih pira-pirane..</u> wong nek	
27	<u>ulih ya didol dewek duite ya dipangan</u>	
28	<u>dewek ora tau aweh aring wong tua..</u> dadi	
29	<u>ya ora ngerti ulih pira-pirane..</u>	
30	<b>Nopo njenengan mboten tanglet si bu?</b>	
31	<u>ya ora lah..</u> ora wani takon-takon.. nek	
32	<u>takon ya dadi reang tok.</u> Emen karep-karepe	
33	bisa nggolet dewek ikih..	
34	<b>lah duite niku kangge nabung</b>	
35	<b>nopokangge jajan bu teng ER..</b>	
36	ya ora ngerti mas.. arepnggo ngapa bae ya	
37	emen lah.. wong duit-duite kae.. <u>ya palingan</u>	
38	<u>nggo mabok karo batir-batire karo nggo dolan..</u>	
39		ER menggunakan uangnya untuk bermain dengan teman-temannya
40	<b>nopo sering mabok si bu?</b>	
41	<u>kae ya ndina-ndina nek due duit ya mabok</u>	
42	<u>terus.. nek ora due duit ya utang-utang</u>	
43	<u>mbok meng batire..</u> wong batire saben ndina	
44	<u>ya pada ngampiri bae..</u> nek dolan ya ora tau	
45	<u>bali..</u>	Perilaku negatif ER dengan teman-temannya
46	<b>nopomboten didomaih teng bapake niku..</b>	
47	<u>lah ramane be maune pada bae..</u> ya isin arep	
48	<u>ngomoaih anake wong mbiyen agi esih</u>	
49	<u>enom be pada baene..</u> ya anake tiru..	
50	<b>ohh..</b>	Masa lalu orang tua ER
51	<u>mbiyen kae ramane ya pada baene..</u> pada	
52	<u>bae mbajuge..</u> wong ramane ora tamat	Pendidikan orang tua ER juga rendah

53	sekolah ya anake melu bae bebeh sekolah..	
54	<b>nah niku si sekolah tamat nopo..</b>	
